

# Èske Bondye Janm Chanje Panse L Konsènan Pawòl

Li ?

65-0418E

Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1 Annou bese tèt nou. Chè Seyè Jezi, nou rasanble ankò lan Non W, ak gwo atant pou devèsman Pwisans vivifyant Bondye a mennen nou rekonèt pozisyon ak plas nou, ak responsablite nou, antan ke yon pèp yo rele, ki separe de mond lan, konsakre pou Bondye. Akòde Seyè, aswè a, ke benediksyon Bondye yo ap gide nou epi dirije nou nan sa n ap fè ou sa n ap di, pou sa ka pote lonè ak glwa pou Non W. Amèn.

2 Mwen kontan retounen nan legliz la aswè a pou m avèk nou pèp cheri mwen. Mwen konnen li fè cho, men, m te jis rele madanm mwen, m kwè li fè katreven dis konsa la, katreven sèz oswa yon bagay konsa, e li fè on ti jan pi cho ke jan sa ye isit la. Kifè mwen abitye ak tanperati cho kounye a. Bon, men mwen sitèlman kontan isit la nan tabènak la nan moman Pak mèveye sa.

3 E m paka di m ap mande ekskiz poutèt Mesaj byen, byen long maten an, men mwen...Se te, mwen pa t vle-vle abize pasyans nou epi retounen sou sa ankò aswè a. Men mwen-mwen te vle de-delivre Mesaj sa bannou, ke nou se yon pati rezirèksyon sa. Ou wè? Epi piga nou chifonné lespri nou sou Sa, ankò, ou wè, Jis rejwi nou sou Sa! Pa gen anyen, ankenn plas, ki ka separe nou de Sa; anyen; an sekirite pou Letènité nan Wayòm Bondye a. Lè Bondye te etanpe So L sou ou, ou te sele jouk nan fen destinasyon an.

4 Kan gouvènman an mete so sou yon pake, kan konpayi tren an mete so sou yon pòt, ou pa ka tripote wagon sa jiskaske l rive a destinasyon.

Kan Bondye mete So L sou yon nonm, e So a se Sentespri a, kan L sele yon nomm jan sa, se regle pou li pou destinasyon Etènèl li. Li pa gen dwa janm, jamè retounen dèyè, ankò. Paske sonje, Efezyen 4:30 di, "Pa atriste Lespri Bondye ki te sele w pou tout tan an." Ou wè, ou te sele pou tout tan. Ou sele, pou Letènite, nan Wayòm Bondye a, ak Sentespri a. La panse a sa!

5       Lè sa, ou menm, dyab la va frape w, e li va di w tout bagay, pou akize w, epi—epi eseye fè w panse ke ou pa sele. Men piga w tande l.

6       Kounye a, ou konnen ou te pase de lanmò a Lavi. Ou konnen ke bagay ou te renmen lontan yo, ou pa renmen yo ankò. Ou konnen w te kwè chak Pawòl Bondye. Nou te wè Bondye ap travay drèt pami nou, san...Dè prèv enfayib ke Li se gran "MWEN YE" a. Nou te remake ke toujou sa k te di lan Non Li, pa t janm memm yon fwa yon bagay ki te pwofetize lan Non L pa t rive jis egzakteman fason sa te di a. Menm lasyans, jounal, foto, kamera, ekriven, tout lòt bagay, te oblige rekonèt sa. Ou wè, pe enpòt ke yo vle ou pa, Bondye fòse yo fè l, kanmenm, ou wè, pou revele sa.

7       Kounye a, antan ke yon ti gwoup. Sonje, se pa pou yon gwo gwoup L ap vini. "Pa pè, ti twoupo, se pou bon plezi Papa w..." Ou wè?

8       Mwen vle kite nou ak yon mo, ki chokan, jis anvan nou gen konsekrasyon yon minis. E sa trè chokan, men jis pou nou ka konnen sa. Bon, m pap di ke se nonb egzak la, men m ta renmen kite nou avèk sa.

9       M pa konn si gen moun isit la ki te janm wè fason yo ibride betay. Se klè, mwen pa kwè nan sa, men m te obsève lè sa t ap fèt. Mwen te wè yo pran espèm mal la, jis ase, ki te ka depoze sou yon ti plak metalik, tankou yon bwa alimèt pou netwaye dan, e yo te etann li sou yon pyès an mab. E yo te vire miwa sa yo pou rann li byen gwo, mwen pa konn konbyen fwa pi gwo, jiskaske espèm sa...Kote ou paka wè anyen ak je natirèl, ankenn linèt natirèl. Men lè sa te gwosi, yon santèn oswa sansenkant fwa pi gwo, ou te ka wè anndan sèl ti gout espèm sa, petèt senkant a san ti jèm ki t ap bondi. Epitou, nan femèl la yo te pran menm kantite ze a, mete nan-nan espèm lan. Kounye a, kan yo te-te vin ansanm, la, de premye ki rankontre epi konekte yo...

10 Gen sèlman youn sou yon milyon ki pral viv. Èske w te janm panse a sa? Yo se menm jèm lan, ak menm ze a, toulède menm bagay, men gen sèlman youn ki pral viv. E sa pa detèmine apati de kiyès ki rive an premye. Paske, pafwa ze a, dèyè la nèt nan fon, e jèm lan ka la nan mitan espèm lan, e yo va trennen monte youn sou lòt. Sa pran yon Entèlijans pou konnen si sa pral yon ti gason oswa yon ti fi, cheve kannèl, cheve nwa, oswa nenpòt la. Se seleksyon Bondye. Sa paka lòt bagay. Seleksyon!

11 Menm lan nesans natirèl la, gen seleksyon, èske se pral yon ti gason oswa yon ti fi, oswa pe enpòt sa l pral ye a. E kan ti jèm sa fofile antre nan ti ze sa, epi ti ke a tonbe, se kòmansman kolòn vêtebral ti bebe a kèlkeswa sa l ap vin ye apre a; vi animal la, ti bebe a, oswa kèlkeswa sa l ye a. E rès milyon jèm sa yo...Yon milyon ze, yon milyon jèm, e sèlman youn ap viv. Yo tout se menm, men Bondye chwazi pa seleksyon kisa k pral viv, e rès yo peri. Youn sou yon milyon.

12 Kan Izrayèl te kite Lejip, yo tout te kwè nan mesaj yon sèl pwofèt. Yo te wè siy Bondye yo, ak Moyiz. Yo chak te wè yo. E yo chak te soti kite Lejip, pou yo te mache atravè Lanmè Wouj la, epi batize nan Moyiz. Yo chak te wè pwisans Bondye a sou li, kan l t ap chante an Espri a; e kan Miryam t ap bat tanbourin lan, t ap kouri monte desann sou bò rivaj la. Yo chak, chak swa, te manje lamàn selès frèch ki te sot nan syèl. Chak moun sa yo te bwè apati de Woche espirityèl sa ki te frape a. E te gen de milyon moun ki te kite Lejip. Konbyen moun ki te antre nan latè pwomiz? De. Youn sou yon milyon! Kote yo tout te ye? Jezi di yo te peri. “Papa nou te manje lamàn nan dezè a, pandan yon peryòd de trantan, e M ap di nou ke yo tout te mouri.”

13 Kounye a gen apeprè senksan milyon Kretyen nan mond lan aswè a, si w konte Katolik, Pwotestan, ak yo tout. Si Jezi ta dwe vini nan Anlèvman sa, dapre sa m fèk di a, t ap gen senksan ki t ap disparèt nan mond lan aswè a, nan Anlèvman. E pwobableman gen nonb sa chak jou, lè w ap konte tout peyi, ki pa t janm konsidere. Kifè sa ka fèt a nenpòt ki moman an, ou wè.

14 O, Kretyen, annou pwoteje nou avèk boukliye Bondye a. Annou fè tout sa nou konnen, pou sèvi L, renmen L, epi tann gran moman sa.

15 Bon, pa pral gen pakèt milyon ak miltitid k ap soti nan jenerasyon an pou ap mache antre. Li-li pa posib.

Kounye a, sonje, chak jou se lafen yon jenerasyon, chak jou. "Menm jan sa te ye nan tan Noye a, se konsa l va ye lè vini Fis De Lòm lan, kote uit nanm te sove anba dlo." Men chak jou se lafen yon peryòd de karantan pou yon moun, pou kèk moun. Ou wè? E chak jou, gen yon kantite ki sele nan Wayòm lan. Yon jou, dènye jou a va rive.

Annou asire nou kounye a, pandan nou posede tèt nou an. Epi nan legliz, pamí moun yo, kote Sentespri a te sitèlman idantifye Tèt Li pou nou, annou asire nou ke tout bagay annòd, epi kòrèk, devan Li.

16 Piga w estope. Piga w repoze w, lajounen kou lannwit, jiskaske Pwisans vivifyant lan ta mennen w apati de bagay mond lan, antre nan Wayòm Bondye a. E nou menm ki te vrèman antre nan Wayòm Bondye a e ki te vivifye ak Lespri Bondye, ala yon kontantman! Ak dlo lajwa nan jye nou ta dwe soujenou nou, lajounen kou lannwit, ap remèsye Bondye pou sa L te fè.

17 Aswè a nou gen yon ti chanjman nan sèvis la. Nou gen yon frè de byen isit la, Frè Capps. Li te vin jwenn nou apati de legliz Nazareyen. Mwen kwè ke se sa, Frè Capps? Li swete nou òdone l aswè a, ak enpozisyon men.

18 Nou pa gen papye pou bay moun, malgretou yo rekonèt nou antan ke...Nou te ka gen papye, men nou kwè ke yon vrè minis, òdone, papye l nan Syèl. Ou wè? E li-li gen dwa preche Labib osi lontan Bondye idantifye vi l ak Bib la. Nou kwè ke se sa ki krediblite l.

19 E, kounye a, Frè Capps te òdone ofisyèlman nan-nan legliz Nazareyen, men aswè a li vle ke ansyen yo, e latriye, poze men sou li pou òdone l, pou pote Mesaj sa. Ala yon bagay louwab!

20 M te-m te tande rapò yo a chak fwa m te Tucson, e se dè rapò mèveye, konsènan Frè Capps isit la ak asistans li pou presye Frè Neville nou an, ki ap gade chandè Limyè a, jis ak otan bravte ke de mesye sa yo . Nou te poze men sou Frè Neville, men pa sou Frè Capps. E mwen vle ke sila yo ki se minis, Frè Jackson ak yo, si yo isit la, epi Frè Ruddell ak ansyen legliz yo la, si yo vle vini la jis pou kèk minit kounye a, pou poze men sou Frè Capps. E la...

21 Bon nou jwenn, nan Bib la, ke sa se fason sa te konn fèt, yo poze men sou yo pou mete yo apa apre sa. Se fason sa yo te fè pou Timote. Sa te di, "Ak don sa ki te nan ou, soti depi grann Lòys..." Yo te remake sa, ke te gen yon don nan nonm lan, sa te vin a li menm pa prezbitè a, pa enpozisyon men.

22 Bon, frè dènye jou yo, frè lapli aryè sezon yo, te gen sa, kanmenm, melanje. Yo te panse ke yo te bay moun lan yon don, lè yo te fè sa. Non, don an te deja nan li, e yo te jis poze men yo sou li kòmkwa pou apwouve ke yo te kwè ke Bondye te deja mete don an nan li. E yo te apwouve l, ak poze men yo.

23 Mesye sa yo la nan legliz sa, mwen kwè nan nanm yo yo posede ak Pwisans vivifyant Li an; frè yo si nou vle avanse jis kounye a, Frè Ruddell ak rès lan nou yo ki isit la nan legliz la, ak ansyen yo epi legliz sè nan viwonn lan, pou poze men sou Frè Capps, pou l ka òdone ak apwobasyon nou, devan oditwa sa, pou voye l preche Levanjil Jezi a, pe enpòt kote Bondye ka rele l. Li vin...

Li déjà youn lan nou, pa Nesans. Li se youn lan nou paske li te kwè Mesaj la. Li se youn lan nou poutèt-poutèt li pran pozisyon pou Verite Pawòl la. E nou vle pou Frè Capps òdone ofisyèlman, devan nou, pa enpozisyon men, kòmkwa li se youn lan nou.

Oke, Frè Ruddell, Frè Capps, Frè Neville. Frè Junior Jackson, nenpòt nan lòt minis sa yo isit la, m jis pa konn konbyen yo ye. M pa...M kwè yo gen pwòp sèvis pa yo aswè a. Kidonk vin dirèk anwo la, Frè Capps.

Bon kote Frè Hunter ak yo menm ki sot New York la, mwen...Frè Anthony? M kwè yo pati tounen al fè wout yo. [Frè Neville di, "Men Frè Anthony dèyè a la."—Editè a.]

Nenpòt lan nou ki isit la, ki avèk nou, enben, nou ta kontan pou w vin anwo la pou kanpe avèk nou kounye a, kòm yon rekonesans ke nou kwè Frè Capps kòm...

Konbyen lan nou ki la ki konn Frè Capps? Leve men nou. Dakò, bese men nou. Konbyen moun ki kwè li se yon sèvitè Bondye? Leve men nou. Nou renmen l, antan ke frè nou.

24 Bon se pa egzakteman fason kòrèk sa nou ta ka rele òdinasyon an, men m vle ke oditwa sa, m paka chante kantik sa, men m vle nou ede m eseye li.

25 Ke yon jou yon pwofèt te desann al sou lotèl la, nan tanp lan. Pandan l te la nan tanp lan...Li te yon nonm bon, men li te jis repoze l sou pon-yèt wa Ozyas, e li te yon-li te yon nonm bon. Men poutan, yon jou, nan tanp lan, li te wè yon bagay, lè l te antre nan yon vizyon, ke l pa t janm genyen anvan. Li te wè dè Zanj, ak zèl, ap vole ale tounen, atravè biling lan, ap rele fò, "Sen, sen, sen, Bondye Seyè Toupwisan an!" (Annou wè, frè. Ya. Ou wè?) "Sen, sen, sen, Bondye Seyè Toupwisan an!" (Ben.)

26 E kan sa te rive, kolòn tanp yo te ebranle. E li te di, "Malè a mwen menm! paske m se yon nonm ak bouch mwen ki enpi." Nan prezans Bondye li te rekonèt, ke menm si l te yon pwofèt, li te gen tò. Li te di, "M se yon nonm ak bouch mwen ki enpi, e mwen abite pami moun ki gen bouch yo ki enpi."

27 E youn nan Zanj yo te vole, e li te pran yon chabon Dife pou touche bouch li, e li te di, "Pwofetize, fis de lòm!"

Èske w ka bannou akò sa, sè, si w vle. Konbyen moun ki konn kantik sa? Ann pran, yon kouplè. Dakò.

*Kan chabon Dife touche pwofèt la,*

*Pou rann li pi blan ke sa ka ye,*

*Kan Vwa Bondye di, "Kimoun n ap voye?"*

*Lè sa li reponn, "Men mwen, voye m."*

[Espas vid sou bann lan, “—Editè a.]

*...Pale, Seyè,*

*Pale, rapidman m ap reponn Ou;*

*Pale Seyè, pale Seyè,*

*Pale, m ap reponn, "Voye m Seyè."*

*Milyon ap mouri nan peche lawont,*

*Tande kri amè byen tris pa yo;*

*Fè vit, frè, vit, chache refij;*

*Rapidman reponn, "Mèt la, men mwen."*

*Pale Seyè, Pale, Seyè,*

*Pale, rapidman m ap reponn Ou;*

*Pale Seyè, pale Seyè,*

*Pale, m ap reponn, "Voye m Seyè."*

Ke ansyen yo kounye a fè tou a pou ap poze men yo sou Frè Capps. Annou tout bese tèt nou.

28 Chè Bondye, kolòn tanp yo te ebranle ankò, pandan nou t ap gade Lespri Lavi vivifyan an k ap travay nan frè nou. Mwen priye, Bondye, pandan li santi sa ki ap desann sot Anwo, k ap di li dwe ale. Nou poze men sou li, antan ke ansyen pa W, Seyè, pou ba I lanmen asosyasyon; e nou poze men nou sou li, pou pase benediksyon Bondye yo ba li, pou W ka wenn bouch li, panse li, èt li annantye. Ke I kapab pran Mesaj Levanjil sa pote bay chak ti fant ak chak kwen kote W va rele I. Akòde I, Seyè. Nou remèt Ou frè nou, antan ke sèvitè pa W, lan Non Jezikri. Amèn.

29 "Preche Pawòl la," jèn frè pa mwen. "Nan bon, e nan move sezon; repwouve, reprann, avèk pasyans ak Doktrin." Bondye beni w, frè.

30 [Frè Ben Bryant di, "Frè Branham, èske w vle poze men w sou mwen? Èske y ap vle poze men sou mwen? Mwen ta renmen òdone."—Editè a.] Èske w te...? M pa t okouran ke sa pa t fèt.

Frè Ben, la, te vin kote nou. Mwen kwè I ap preche sa fè kèk tan. Poutan, li potko ofisyèlman (m te panse li te fè sa; se poutèt sa m te rele I.) òdone, oswa men te poze sou li isit la.

31 Bon, madanm Frè Ben isit la kèkpa, e li se yon moun ki chè pou nou. Li te yon fam predikatè. E kan manzè te marye avèk frè nou, li te mennen I nan tabènak la, kan I te wè epi te tande Pawòl la, menm si se te yon ti dam de byen ak yon bél pèsonalite, sepandan kan I te wè ke se te fo pou fanm lan fè sa, li te depoze sa; e ta sanble se te pou I te tonbe sou mari li. Se konsa li kòrèk. Sa a apostolik. Se fason sa li dwe ye.

32 Frè Ben pran bann yo, dapre sa m konprann, ak madanm li. Yo al nan...chemen andeyò, nan fon montay, nan jeng anfonse, pou ap jwe bann sa yo epi fè kòmantè sou bann yo. Anpil fwa yo pa tout ekipe, yo chase yo, mete yo deyò. Nou atann nou a sa. "Paske tout sa yo k ap viv sentman nan Jezikri yo va soufri pèsekisyon."

33 Konbyen moun isit la ki konn Frè Ben? Konbyen moun ki kwè I antan ke sèvitè Bondye, diy de benediksyon ke nou pral mande Bondye pou li a? Ou wè, li pa yon etranje. Li avèk nou dè zane e dè zane. Mwen konnen I kòm yon nonm ki gen imilite. Li menm jan avè m; Li fè anpil erè. Nou tout konsa. Sa m renmen konsènan Frè Ben, li prè a ranpe sou jenou I pou mete sa annòd.

E kan I te tande, lòt jou, sou *Maryaj Ak Divòs*, li menm ak madanm li te sou pwen separe, poutèt li renmen manzè, e manzè renmen I, men yo te vle koube anba Pawòl Bondye a. Pe enpòt sa Pawòl la te di a, se sa ke yo te vle. M priye ke Bondye va beni Ben ak madanm li, pou sèvis pa L.

Annou poze men nou sou frè nou.

34 Chè Bondye, nou poze men nou sou Frè Ben nou an, antan ke siy ke nou renmen I. E nou kwè, Seyè, li vle fè yon travay pou Ou, soti ak bann sa yo, pou ap jwe yo pami kèk moun nan montay yo nan zòn elwaye yo kote pwobableman anpil lan nou pap janm atenn, men poutan Mesaj la dwe ale nan tout mond lan. Nou priye ke W va beni frè nou, epi ba li Lespri W, ke Sa vin sou li. Epi gide I, e dirije I ak madanm li nan plas sa yo kote petèt grenn nanm sa

ye jis laba a, e pòt yo paka fèmen toutotan gress brebi sa pa antre. Ou pa satisfè ak katreven diznèf. La...Chak non ki nan Liv la dwe antre. Ede yo, Seyè, pandan n ap poze men sou li, antan ke asosye limenm avèk nou kòm frè nou. Epitou èd nou ak priyè nou pou li, va akonpaye I. E nou priye ke W va beni I, Seyè, kèlkeswa kote I va ale. Lan Non Jezi. Amèn.

Ke w beni, Frè Ben! Lanmen Asosyasyon an nou ba ou li, antan ke frè nan ministè a. Bondye beni w, frè.

35 [Frè Earl Martin di, "Frè Branham, èske w vle poze men w sou mwen, òdone m pou m travay antan ke pastè?"—Editè a.] John Martin...["Earl."] Earl.

Konbyen moun ki conn Earl Martin? Konbyen moun ki kwè I antan ke sèvitè Kris? Li te vin jwenn nou apati de yon...M kwè la, alorijin, apati de yon gwoup Pannkotis, epi kounye a m kwè li se pastè pou ap fè yon travay endepandan.

36 Mwen conn Earl kòm etan yon vrè sèvitè Kris. M pap janm blye yon aksyon, gen anpil ki te rive, men yon aksyon konsènan Earl. M sonje yon nwit yo te rele I lè m te Dallas, Texas; oswa mwen-mwen kwè, non. se te ...[Yon sè di, "Beaumont."—Editè a.] Beaumont, Texas, se vre, sè. E yo-yo...Ti bebe li a te lonje, ap mouri, e yo te panse ke li te déjà mouri. Li pa t ap respire ankò. E Earl te dirije I vin nan chanm mwen, antan ke papa, ak zèpòl li koube, desann, devan m, alòske m te nan kabann mwen. M te woule soti; li te pase men I nan kou m pou di, "Frè, mwen kwè ou se pwofèt Bondye. Mwen te toujou kwè sa. E si w jis pwononse pawòl la, menm si ti bebe m nan mouri, I ap viv kanmenm." E ti bebe I la te resiste, ap viv.

37 Èske nou kwè li diy pou resevwa lanmen asosyasyon kwayan sa yo? [Kongregasyon an di, "Amèn."—Editè a.]

Annou priye, frè yo, pandan nou poze men sou li.

38 Bon Papa nou ki nan Syèl la, nou mete men sou frè Martin nou an ankò. Nou voye I , Senyè, nan pati ekstrèm kote W te òdone pou I ale; kèlkeswa kote I ye a, ke li anpil oswa yon ti kras, atravè-wout, otowout, lizyè, si se sa I ye. Kèlkeswa kote I ye, Seyè, se pou benediksyon W yo avèk li. Nou mete men nou sou li pandan n ap ba I vitès Ou epi ba li benediksyon nou, pou Lespri ki sou nou an, Senyè, ka ale avèk li, epi ap gide I epi dirije I kot nanm ki pèdi yo ki

nan lizyè ak otowout yo. Nou voye li, nan Non Jezikri. Amèn. Bondye beni w, frè Martin. Ale koulye a, e ke Seyè a avèk ou.

39 Pou menm objektif la? [Frè Richard Blair ap pale ak Frè Branham—Ed.] Se Richard w rele? ["Dakò. Richard Blair."] Konbyen moun ki conn Richard Blair? Konbyen moun ki kwè li se yon sèvitè Bondye? Li sot nan gwoup legliz Pentkotist ini an. E frè, Frè Blair, mwen sonje yon apèl ekstraòdinè, ke w te genyen an. Mwen sonje epòk kote Frè Blair pa t vle kwè m, paske te gen yon lespri ki tap travay avè l, ki t ap di l ke m te fo. Epi pandan l te chita la menm nan reyinyon an, Sentespri a tounen, li rele l. [Frè Blair di: "Se vre." — Ed.] Epi li te prèske sou pwen pou fè yon—yon depresyon, e se sa ki te remetel anfòm. Epi mwen sonje bèl madanm li an te rele m yon jou. Li te di: "Frè Branham, mwen kwè ke Richard pral mouri." Epi l te gen, mwen kwè, yon foulà. Li te ale, li mete l sou li, jan m te mande l la, epi l te priye. Men li la a. [Frè Blair di: "Amèn." — Ed.]

40 Yon ti bebe te fè yon aksidan, oswa ...[ Frè Blair di: "Ptit gason m nan." — Ed.] Ptit gason l lan, te gen yon aksidan, yo pa t bay anpil espwa pou li, ak yon chòk nan sèvo. E ak lapriyè, menm nan telefòn nan, ti bebe a te geri. ["Amèn."] Èske w kwè ke Frè Blair se yon vrè temwen Kris la? [Kongregasyon an di: "Amèn." — Ed.] priye pou benediksyon w yo ale avèk li. Frè m' yo, ann etann men nou sou li.

41 Chè Bondye, pou idantifye byenveyan e onorab frè nou an, sèvitè w la, ki menm soti nan pwòp gwoup pa l, pou l mache nan Limyè. Papa, nou priye pou Ou beni Frè Blair nou an, pandan n ap voye l avèk benediksyon nou ak pèmisyon nou, ak men nou sou li, kote w ka rele l, Senyè, kèlkeswa travay li ye a. Se pou Lespri w ale ak frè Blair. Gide l epi dirije l nan monn sa a ki pèdi e ki mouri a, pou l ka ede jwenn mouton ki pèdi a, pou l ka mennen l tounen nan patiraj la. Kèlkeswa kote li ta ye, kèlkeswa sa W genyen pou li, Seyè, nou jis mande pou Lespri W gide l epi dirije l pandan tout vwayaj lavi li. Nou se frè li. Pandan na p ba l yon bon lanmen dasosyasyon, nou mande w pou w ale avè l, nan non Jezikri. Amèn. Bon lanmen dasosyasyon! Bondye beni w, frè Blair. Nou avèk ou, san poustan, na p priye pou ou epi nou pral fè tout sa nou kapab pou ede w. Ke Bondye beni w.

42 [Frè Merlin Anthon di: "Se menm bagay la tou pou mwen, frè Branham, pou òdinasyon." — Ed.] Ki sa k di? ["Ordinasyon."] Kiyès ou ye? ["Merlin Anthon."] Merlin Anthon. ["Mwen nan legliz la."] Ki kote? ["nan legliz isit la."] Nan legliz la. Eske gen moun ki konn frè Merlin Anthon? Li nouveau, pou mwen. ["Ak Lame di Sali a. Ou pa Sonje m?"] Oh, wi. Eskizem m, frè. Ki Sot nan Lame di Sali, se vre, mwen sonje li. Sèten, mwen raple m li kounye a. Mwen jis... Figi li pa t dim anyen nan moman an, pou kounye a. Konbyen moun ki konnen I se yon sèvitè Bondye? [Kongregasyon an di: "Amèn." — Ed.] Konbyen moun ki kwè ke Bondye ap travay avèk li, leve men w. ["Amèn."] Èske w ta renmen priye pou li? ["Amèn."]

43 Kounye a, frè, nou konnen ou soti pamì yon gwoup moun ekstròdinè, Lame disali, yo se yon gwoup moun ekstròdinè. Men, epi, men Lame delivrans an fè yon travay fantastic nan lari a. Nou pa ka di anyen kont Nazareyen an, Legliz Pannkòt la, oswa Lame disali a, oswa nenpòt nan yo a; yo se frè nou. Men, ou wè, nou kwè ke nou pote yon Mesaj ekstraòdinè pou tan sa a menm ke n ap viv ladann nan. Ou vle fè sa avèk nou? [Frè Anthon di: "Amèn." — Ed.] Ann bese tèt nou pandan n ap etann men nou sou frè nou an.

44 Chè Papa nou ki nan Syèl la, Ou se Sila ki fè apèl la. Se ou menm ki rann Pawòl la vivan, pou yo ka kwè. E nou etann men nou sou frè ki chè a noumen nan, kòm yon autorizasyon ke nou kwè ke W avèk li epi ou pral ede li. Nou voye benediksyon nou yo avèk li, ke nou kwè nou te pase soti de lanmò a lavi epi kounye a, nou gen pwuisans ki bay lavi a nan kè nou, grasa Bondye a. Nou depoze men nou sou frè nou an epi voye I avèk benediksyon nou yo, pou W ka dirije I, gide I epi dirije I na tout kwen tè a, Senyè, ke W te òdone pou I ale. Se pou Lespri w ale avèk li epi ba li sante, fòs, ak siksè nan ministè li, paske nou voye I nan non Jezikri. Amèn.

45 Bondye beni w, frè. Sa a se bon lanmen dasosyasyon, ou konnen, frè yo ba li lanmen, frè m yo konsa. konsa ou va se... dakò, Seyè a beni nou tout.

46 [Frè Carrell di, "Mwenyo pa t janm fè I pou mwen, ofisyèlman. Ou vle mete enpoze m lèmen, tankou moun sa yo, nan Non Jezi a." — Ed.] Ou menm, kèlkeswa sa ou vle. Epi pa w la ...[ "Se tan an, e se menm jan ak yomenm."] Bon, ki jan w rele? ["Frè Carrell, ki sot Cincinnati."] Frè Carrell. [Frè Carrell di: "Mwen te yon minis òdone, men mwen pa t kapab

dakò ak frè ki t ap òdone fi kòm pastè, e mwen te oblige met fen a sa." — Ed.] Se frè Carrell ki sot Cincinnati. Nenpòt moun ki konnen Frè Carrell, leve men... ki soti Cincinnati, mwen gen dout, ke yon moun konnen. Li di ke li te ak yon gwoup, e gwoup la te vle òdone fanm pastè. Li pa t kapab sipòte sa, epi li te oblige kite yo. Se egzakteman kòman mwen te sòti kite legliz Batis Misyonè yo. Doktè Roy E. Davis, konbyen moun ki janm tande pale de li ? Se ten, ou te tande pale de li, ou wè. Li te vle òdone kèk fanm predikatè, e mwen te di, "Non, mesye. Antanke ansyen," mwen te di, "Mwen pa kapab fè sa, ak konsyan. Li kont Pawòl Bondye a

47 Mwen pa konnen w, frè Carrell. Men, sou baz temwayaj ou a, ak verite sa a ke wap defann lan... Nou pa gen anyen kont fanm sa yo. Yo se sè. Nou renmen yo. Men, nou kwè ke yo te jwenn plas yo, e ke yo dwe rete dèyè. Ou yè? Epi nou kwè ke yo se yon cheri pou yon gason, yon konpayon. Epi pa gen okenn entansyon...Nou panse ke yo se pi gwo kado, andeyò sali, ke Bondye te janm bay yon moun. Men, li pa gen plas li dèyè chè a, dapre Pawòl Bondye a. Sou baz sa a, ak lafwa ou nan Bondye a, nou poze men nou sou ou, antanke fratènité, pou ale avèk nou. Ann poze men nou sou li.

48 Chè Papa nou ki nan Syèl la! Jenn gason sa a, mwen ka jis apenn konnen ki jan I santi I. Li te pouse pou I soti akòz yon verite reyèl. Ke, "Lòm p ap viv ak pen sèlman, men ak tout Pawòl." Se konsa, nou poze men nou sou li, nou plase benediksyon nou sou li. Se pou Lespri w dirije I, gide I, epi dirije I pandan tout vwayaj lavi a, kote w ka voye I, Seyè. Fè I konnen ke n ap priye pou li, e pral yon èd pou li, epi sipòte I toutotan li pral pozisyon pou Verite a. Akòde li, Seyè. Nou voye li, nan Non Jezikri. Amèn. Bondye beni w, frè Carrell. Ou jis gen men sa yo poze sou ou, sa yo ki diferan an. Tout nan nou bay bon jan lanmen dasosyasyon pou sa.

49 Frè Ruddell, isit la, pa t janm òdone ofisyèlman isit la nan legliz la. Èske... Konbyen moun ki konnen Frè Ruddell? [Kongregasyon an di: "Amèn." — Ed.] Nou tout konnen I. Konbyen moun ki konnen li se yon òm de Dye? ["Amèn."] Chè Papa nou ki nan Syèl la, Menm jan ak Ansyen Ou yo poze men yo sou frè sa a ki te pase atravè dlo ki fon, labou. Li te wè kongregasyon li a ap tonbe. Li te wè tout bagay rive, men li kwè. Menmsi ...?... Nou poze men nou yo sou li, epi nou lage benediksyon nou yo sou li. Wenn li, Seyè, avèk fòs, avèk Pawòl la,

Senyè, epi voye I nan tout kwen sou tè a!... ?... ke I kab sou li epi ede I. Epi voye I, nan non Jezikri. Amèn.

50 Frè Ruddell, ou te toujou gen bon lanmen dasosyasyon an a. Mwen konn frè Ruddell. Se tankou-tankou pwòp ti gason m. Mwen menm ak papa I, sèvitè Bondye. Mwen te fè sèvis avè I. Bondye beni w, frè Ruddell, manman nou te konn youn lòt depi lontan. E mwen konnen frè Ruddell se yon sèvitè Bondye. Mwen konn fè sèvis avèk li. Bondye beni w frè Ruddell.

51 Ki non I? Kimoun ou ye, frè? [Yon moun di, "Se Bòfrè Frè Martin."—Editè a.] Frè Martin, ou konnen I, Frè Martin?

Se ki non pa w? [Frè a di, "Reveran McComas."—Editè a.] Frè McComas, m kwè pa gen pèsonn isit la ki konnen I, men li se yon...Wi, nonm sa a la a konnen I, Frè Tyler. E li vini pou...yo poze men sou li, pou I ka vin yon transpòtè Levanjil la. Frè McComas, ki kote w soti, Frè McComas? ["Rockford, Illinois."] Rockford, Illinois. ["Ou te rele lakay semèn pase a oswa Lendi swa pase, pou w te priye pou madanm mwen."] O, se vre? Apati de Tucson. ["Tucson, Arizona."] O, m sonje apèl la kounye a. ["Manzè te leve pwochen maten an."] Louwanj pou Seyè a!

[Frè Martin di Frè Branham yon bagay—Editè a.] Kisa w di? ["Pi jèn sè m lan"] Se sè ou. ["Manzè isit la kounye a. Li te paralize."] Kidonk, li isit la kounye a, yo te priye pou li, yèswa, depi Tucson, pa telefòn. ["Te paralize."] Par-... ["Manzè te paralize, e li isit la kounye a."] Li te paralize, sa fè kèk nwit pase, e li isit la kounye a. Frè Martin konn sa, zanmi. Se pa etonan ke I vle pran Mesaj la!

Annou poze men sou frè nou.

52 Chè Bondye, mwen poze men m, ak lòt sa yo, sou sèvitè W, pou ba I lanmen asosyasyon, ap priye ke benediksyon Bondye va...?...ke W te òdone I pou vini. Ke benediksyon W ka sou li, pou gide I e dirije I, lan Non Jezikri. Amèn.

Lanmen asosyasyon an, frè mwen, ak sila yo ka avè w. Ke Bondye avè w.

53 [Yon moun di, "Frè Branham?"—Editè a.] Wi, frè? ["M gen youn de plis ki vle sa tou."] Dakò, mesye. Mwen kwè sa se... ["Frè Darris."] Frè Darris. Mwen pa...["Mwen konn Frè Earl ak Frè Brewer."] Nom sa se Frè Darris. Ki kote w soti, frè? ["Black Rock, Arkansas."] Black Rock, Arkansas. Frè... ["Mwen konnen I, frè."]...te konnen I. Gen yon lòt moun, m kwè, la, te di...Frè Brewer. Mwen kwè m te rankontre yo, maten an. Ak--ak Sè Vayle, mwen kwè, Frè Vayle, ak sa yo ki konnen I, e ki konnen I antan ke òm de Dye, sèvitè Bondye. Mèveye!

54 Ebyen, la, chè frè mwen, pou vin yon transpòtè Mesaj sa jouk nan pati pi rekile nenpòt kote Bondye te òdone w pou ale.

Annou poze men nou sou Frè nou Darris.

Chè Bondye, nou poze men nou sou frè nou, pou bal lanmen asosyasyon, epi voye lan Non Jezikri, ke W va wenn li. E...?...ba li lanmen asosyasyon!...?...E ke Lespri W le avèk li, pou gide I ak dirije I, lan Non Jezikri. Amèn.

Bondye beni w, frè.

55 Kounye a, mwen kwè, se Frè Anthony. Anpil lan nou konn Frè Anthony. Li te isit I avèk nou pandan lontan. Mwen konnen I kòm yon sèvitè Kris, mwen menm. Mwen kwè li se yon jènòm konsakre. Li pa t janm ofisyèlman te gen men ki te poze sou li. Li pa t konnen ke sa t ap vini, zanmi. Ou wè? Men kounye a menm se yon bon moman tankou nenpòt lòt. Kidonk nou pral poze men sou frè Anthony pou jis ba li lanmen asosyasyon. Se Bondye ki dwe fè òdinasyon an. Sa se jis pou I konnen, epi nou konnen, ke nou kwè frè sa e nou renmen I, e li se youn lan nou, nan Mesaj I. E nou vle I gen benediksyon Bondye yo, se sa n ap mande pou li. Annou priye, pandan n ap poze men nou, sou frè nou.

56 Chè Bondye, ti frè enb Italien pa W sa, Seyè, vini aswè a, pou-pou gen men poze sou li, e lanmen asosyasyon te ofisyèlman rive jiska li, ki te vin de legliz la, Seyè. Gwo Pwisans Ou te voye jenn gason sa nan kèk pati sou tè a ak rekwen kote W te rele I. Ke I al delivre moun yo soti nan peche ak maladi, pou sèvi W, Seyè, tout jou nan vi I. Ke W kondwi I, gide I. Ke benediksyon nou avè I, alòske n ap voye I, lan Non Jezikri. Amèn.

Bondye beni w.

57 [Yon moun ap pale ak Frè Branham—Editè a.] Hen? O, m pa konnen. Nou annond pa sistèm telefòn; senkant sou pa minit. Èske te gen yon lòt moun isit la ki te vle...

Monte la epi di non w, kimoun ou ye, nou frè yo, jis nan mikwo a drèt la. Jis di yo. [Chak frè di pwòp non li, “Pat Tyler,” “Claude Boggess,” “Dale Potter,” “...?...Henassey,” “James Humes,” “Earl Horner.”—Editè a.] Èske se yo tout? [Yon moun di, “Wi.”—Editè a.] frè m yo.

Mesye sa yo, èske nou kwè Mesaj sa se Laverite ki vin de Pawòl Bondye a? [Frè yo di, “Amèn.”—Editè a.] Èske nou kwè sa ak tout kè nou? [“Amèn”] Dakò. E nou gen dè dezi, panse si nou poze men sou nou...Nou vle w konnen ke nou avèk ou, e n ap fè tout sa nou kapab pou ede w.

E kounye a mwen nou menm frè yo, pou m ka poze men sou yo tou, pou monte drèt la kounye a. Annou tout bese tèt nou, pandan n a poze men sou yo.

Chè Bondye, men yon gwoup mesye. M poze men sou yo chak, Ian Non Jezikri, Fis de Dye a. Ke Ou menm, ki te rele yo pou vin minis, pou yo ka preche I, Seye, tout jou nan vi yo, epi...?...preche Levanjil pou chak kreyati. Nou ba yo lanmen asosyasyon, e nou priye pou benediksyon W yo ka avèk yo, Seyè, pandan n ap beni yo, voye benediksyon nou. Ke I ale nan chak fant sou tè a kote W rele yo pou yo ale. Ke yo travay epi sèvi W nan kapasite ke W rele yo. Ke yo kapab brav epi de vrè sèvitè Bondye. Akòde I, Seyè. Nou mande I Ian Non Jezikri.

58 Bondye beni nou, nou chak, frè yo. Bondye beni w. Bondye beni w, frè. Bondye beni w. Bondye beni w, Frè Humes. Ke Seyè a avèk nou, nou chak.

*Beni lyen ki mare*

*Kè nou nan lanmou Kretyen;*

*Fratènité nan panse*

*Tankou sa ki Anwo a.*

59 Èske L pa mèveye? Jis panse kounye a, konbyen minis ki isit la aswè a pou men te poze sou yo!

60 Mwen pa t konnen ke nou te annond pa sistèm telefòn sa. Si moun yo deyò a la vle padone m pou sa; mwen pa t konn sa. Ou wè? Mwen jis pa t konnen si yo ta pral mete ti Mesaj sa annond aswè a. Men nou...

61 Kounye a n ap li Pawòl la epi priye, pou ale dirèk nan Mesaj sa ke m santi Sentespri a te vle m pote bannou aswè a.

62 E kounye a pandan n ap retounen nan...pou tèks la, m ap anonse I nan yon moman. Annou tounen lan Nonb, chapit 22, vèsè 31. Nonb 22:31, pou yon tèks. Pandan nou ap chache, si nou vle li, li I oswa make I.

63 Mwen vle pou nou tout sonje m kounye a, jouk m va gen pou wè nou ankò, m espere, kèkpa ete sa, si Seyè a vle. E si yon bagay rive, m pap gen pou m al lòtbò dlo, m ap retounen. Men n ap kwè sa, kòman tout sa te travay nèt, pou ke Sentespri a ta pral voye nou la sou yon chemen ke Li te chwazi Limenm pou voye nou. E sa se chemen nou vle fè a. Ke Seyè a beni nou!

64 Papa, nou sou pwen li Pawòl Ou. Èske W vle beni Li epi wenn Li pou konpreyansyon nou, nou mande I lan Non Jezikri. Amèn.

65 Liv Nonb lan, chapit 22 epi vèsè 31.

*E Seyè a te louvri jye Balaram, e li te wè anj Seyè a ki te kanpe nan chemen I, e epe li te soti nan men I; e li te bese tèt li, e li te tonbe atè plat sou fas li.*

66 Bon, nan lekti sa, pou batì yon kon kontèks otou I, mwen vle pran sijè sa: *Èske Bondye Janm Chanje Panse L Konsènan Pawòl Li?*

67 Se tout on tèks, e se yon gwo Verite ke nou dwe konprann. Èske Bondye ka di yon bagay epi apresa di "Mwen ekskize m poutèt Mwen te di sa"?

68 Bon, nan deklarasyon sa la, rezon ki fè m te chwazi deklarasyon sa, se te poutèt se yon nan deklarasyon Bib la ke yon lektè, ki ap eseye wè, oswa eseye di ke Bondye chanje efektivman panse L; sa t ap plis tankou Li te chanje panse L ke nenpòt plas nan Bib la, ke m konnen, paske Li te di Balaram yon bagay epi apresa te di I yon lòt bagay. E la, anpil moun te

eseye fè Balaram jis yon, o, yon divinò oswa yon bagay konsa. Men Balaram pa t yon divinò. Li te yon pwofèt Seyè a.

69 Kounye a, nou pral on jan ap dewoule Mesaj la, dabò. Izrayèl, te nan vwayaj yo soti Pales...pral an Palestin, ap soti kite peyi Lejip. E Seyè a te avèk yo, e yo te...Chak ènmi ki te sisite devan Izrayèl te retire sou chemen an, paske Bondye te di Li t ap voye kreyati efreyan devan yo e Li t ap chase ènmi an, osi lontan yo t ap mache an obeyisans a kòmandman Li. Travay la pa t janm twòp. Amalesit yo, ki te dè jeyan nan jou sa a, pa t vle di anyen pou Izrayèl. Menmsi yo te dèzòm ak ti tay nan grandè yo, men yo t ap mache nan ENSI DI SEYÈ A. Kifè pe enpòt sa opozisyon an te ye, Bondye te touju asire L ke Pawòl pwomès Li a pa t janm fayi pou Izrayèl.

70 E Izrayèl Ansyen Testaman an se yon tip Lepouz Nouvo Testaman an, ki t ap soti nan-nan mond lan, ap mache sou wout pou Kanaran, oswa Kanaran kote nou prale a, se Milenyòm.

71 Bon, kounye a, nou remake Moab isi a se yon tip legliz la. E Moab... Yo te fèk masakre kèk wa epi te dewoute lènmi an, te touye tout bagay, te posede tè a, epi te kontinye avanse pa Moab. Kounye a, Moab de okenn fason, pa t yon nasyon payen. Moab se te yon nasyon ki t ap sèvi menm Bondye ak Izrayèl. E peyi Moab lan a lorijin te kòmanse ak pitit gason Lòt, pa pwòp pitit fi li. E li, etan fondatè nasyon sa a, li te òganize selebrite I yo e latrife, e te fè yon gran nasyon avè I, epi yo te miltiplie epi te kontinye.

72 E, kounye a, Izrayèl te sot nan semans Abraham, pa nan pa Lòt la. Izrayèl te soti nan Isaac, Jakòb. E Israyèl te soti nan douz tribi sa yo soti nan Jakòb, ke yo te rele apresa "Izrayèl," paske li te lite ak Seyè a. E Moab isi a...

73 Bon, nan sa, e noumenm moun yo deyò nan—sou telefòn yo, m vle di dabò ke mwen—mwen pa swete kritike, e mwen swete m pap fè I. Men, Mesaj lan ke yo te ban mwen, mwen dwe fidèl ak Mesaj sa a, oswa m ap yon ipokrit. Ou wè? Mwen—mwen pa ka di plis pase sa yo voye m di.

E mwen—m ap panse ke gran lènmi sosyete Kretyèn lan jodi a se legliz òganize yo. Mwen kwè ak tout kè m ke I ap fini pa pran fòm mak bêt la, e mwen ka fè I, m panse mwen ka

pwouve sa pa Bib lan ak èd Bondye. Mwen te deja fè I. Ke, I ap pran fòm mak bét lan, nan federasyon legliz yo. Paske, Bondye pat janm, nan okenn moman, rekonèt yon legliz òdone, legliz òganize, jamè. Li pat janm fè sa.

E chak fwa ke lòm te fè yon òganizasyon, Lespri Bondye an te kite I epi pat janm retounen ankò. Mande nenpòt istoryen, oswa ou ka yon moun ki li pou tèt pa ou. Jamè! Lè yo te òganize, Bondye te poze I sou etajè a, epi se kote li te ale; li te rete, depi lè sa a. Yo te vin pi gwo ak manm, men jamè yon revèy de Lespri a, jamè, ankò.

74 Moab, isi a se yon tip de sa a, paske yo te yon—yon nasyon òganize; nan pwòp peyi yo, tankou nan denominasyon yo. Epi yo te gen pwòp reliyon yo la a, epi reliyon yo se te menm reliyon ke Izrayèl te genyen. Yo te dè Moabit epi yo te kwè nan Jewova Bondye, men yo te yon gwoup moun òganize.

75 E, kounye a, kòm yo reprezante legliz natirèl la, Izrayèl reprezante legliz espirityèl lan nan vwayaj li. Bon, Izrayèl pa t yon nasyon òganize. Toutotan yo te swiv Bondye, yo te endependan. Yo vini, vwayajè, nanopwen kote pou y ale. Kèlkeswa kote Kolòn Dife an t ale, yo t ale avè L. Yo pat yon nasyon òganize. Yo te gen yon òganis nan mitan yo, paske sikonsizyon te ba yo sa anba kòmandman an pa Bondye, men pa t janm yon nasyon òganize nan moman sa a. Lè alafen yo vin yon nasyon òganize, se kote yo te tonbe an epi yo te rejte Mesi yo a.

76 E kounye a nou jwenn, tout tan, ke lè natirèl ak espirityèl sa yo, lespri legliz ak òganizasyon, rankontre, toujou gen yon chòk. Sa pa janm fayi pou I konsa. Li toujou eklate. Paske, nou jwenn ke gen yon jalouzi ladann. Epi la a, nan jalouzi sa a, sa lakòz konparezon, imitasyon chanèl. E nou jwenn li la jodi a, menm jan I te ye lè sa a. Lè Bondye fè yon bagay pou yon endividé, tout moun eseye kopye jis tankou Bondye te fè pou moun sa a. Ou wè, sa lakòz yon konpetisyón, e li fè bagay nan lachè. Epi si yo pa ka jwenn rezulta espirityèl, sou lòt bò a, alò yo pran I pa yon pouvwa politik, oswa yo ranplase on bagay, pou boulvèse lespri moun yo, pou atire disip dèyè yo.

77 Se egzakteman sa ki te rive nan kòmansman an; tankou Kayen ak Abel, toulède jenòm yo isit sou tè a. Epi lè Abèl te ofri bay Bondye yon sakrifis pi ekselan pase Kayen, epi Bondye

aprouve Abèl, Li desann answit resevwa sakrifis li a, li koze jalouzi nan Kayen. Paske li te jalou de frè li, li touye frè li.

78 Li te kòmanse nan kòmansman an, kidonk lè natirèl la ak la espirityèl... Poutan Kayen ak Abèl te adore menm Bondye a, yo toulède bati menm kalite lotèl yo, epi yo toulède adore menm Bondye a, nan menm legliz la, menm lotèl la. Men, Kayen, pa rezonman chanèl, te pote fwi peyi a epi li mete yo sou lotèl la kòm sakrifis, panse ke sètènman ke Bondye t ap aksepte sa pou yon ekspyasyon. Kidonk, li dwe te pote, jan moun yo panse jodi a, "pòm sa Adan epi Èv te pran, ki te lakòz peche a." Epi, pe enpòt, mwen panse kounye a yo chanje l pou "grenad" oswa yon bagay konsa. Kèk nan yo te di, sa pa fè lontan, se te yon lòt bagay.

79 Epi, vwala ke Abèl te gen bon sakrifis la. Li te konnen se te san ki te fè sa, alò li mennen yon ti mouton. Epi lè Bondye te resevwa pa li a, kounye a, Abèl, pa lafwa, pa revelasyon, pa gen lòt fason. Pa te gen okenn Bib ki te ekri. Kidonk, ou wè, kòmansman jistis la se Laverite Bondye a ki revele, epi tout Legliz Bondye vivan an bati sou sa.

80 Yon jou, pandan Jezi ap desann mòn lan, li di disip li yo: Kiyès lèzòm di Mwen Menm Fis lòm nan ye?

"Youn di ou se Moyiz, lòt la di ou se Eli, epi

Ou se Jeremi, oswa youn nan pwofèt yo."

Li te di: "Men kiyès ou di mwen ye?"

81 Se lè sa a apot Pyè, ki te enspire pa Bondye, te vivifye pa Lespri a, te fè deklarasyon fòmidab sa a, "Ou se Kris la, Pitit Bondye vivan an."

82 Remake deklarasyon an. "Ou beni, Simon, pitit Jonas, chè ak san pa revele ou sa. Papa Mwen ki nan Syèl la te revele ou sa. Ou se Simon. Sou wòch sa a..."

Ki wòch? Kounye a, Katolik di, "Sou Pyè, wòch la, ti wòch la." Epi Pwotestan an di, "Sou Kris la, Wòch la."

Pa pou fè diferans; men se sou revelasyon Pyè te genyen an, Kiyès Li te ye. Jezi te di: "Pèsonn pa ka vin jwenn Mwen, sof si Papa M te atire I. E tout sa Papa a ban Mwen yo pral vin jwenn Mwen."

"Ou se Kris la, Ptit Bondye vivan an."

83     "Ou beni, Simon, ptit Jonas; chè ak san pa t

revele ou sa, men Papa M ki nan Syèl la. Sou wòch sa a Mwen pral bati Legliz Mwen an, epi pòtay lanfè yo pap ka kanpe kont li." Pawòl Espirityèl Bondye a revele!

84     Remake, Abèl, grasa lafwa nan Bondye, te ofri yon sakrifis ki pi ekselan. Epi kwayan chanèl la te panse ke se te travay pwòp men li, ke, epi fwi li yo ak bèl ofrann ke li te pote, ke Bondye ta rekonèt, epi sa te fè yon konfli.

Nou jwenn ke Abraham ak Lòt te gen yon konfli.

85     Nou jwenn ke Moyiz ak—ak Datan, Kore, te gen menm konfli a.

Moyiz, etan yon pwofèt òdone ak Pawòl Senyè a, prouve ke li te chwazi kòm dirijan yo nan tan sa a, e ke Abraham te pwomèt tout bagay sa yo, epi Moyiz te fè isit la egzakteman sa Bondye te di li ta pral fè.

Epi Kore, ki te chanèl, te vle monteyon òganizasyon pami yo. Li te vle fè yon gwoup gason. Epi Bondye pa fonksyone ak moun konsa. Li montre la menm, nan Ekriti sa a, yon tip nan vwayaj la jodi a, òganizasyon sa a se pa sa Bondye òdone. Paske, kou Kore fin fè sa, Li te di Moyiz: Ou pran twòp chay so do w." Nan lòt mo, "Tout kongregasyon an sen! Poukisa ou di ou se sèl moun ki sen. Ou pa gen dwa fè yon bagay konsa. W ap eseye fè tèt ou yon moun enpòtan. Nou tout sen. Nou tout se ptit Bondye."

86     Epi Moyiz te jis vire tèt li epi li al fè wout li. Li di: "Seyè, kisa mwen pral fè?"

87     Bondye te di, "Separe w de li. Mwen gen ase de li. Epi Li te anglouti I nan tè a.

88      Ou wè, te gen yon konfli. Lè chanèl la ak espirityèl la rankontre, toujou gen yon konfli. Lè Jida ak Jezi te rankontre, te gen yon konfli: Youn, Fis Bondye a; lòt la, pitit Satan an. Jis tankou Kayen ak Abel, te gen yon konfli lè yo te rankontre. Youn nan yo se te trezorye nan legliz la, epi lòt La yon pastè. Epi tankou kounye a, nou antre nan jou sa a, nan menm bagay la ankò. Denominasyon chanèl a Epouz espirityèl Kris la. Epouz espirityèl Kris la tèlman diferan de òganizasyon chanèl yo, jiskaske pa gen okenn konparezon nan yo ditou.

89      Kounye a remake, natirèl la toujou eseye tipifye espirityèl la. Men, tankou pou Jakòb ak Ezayi, li p ap mache. Li pa t ap fè sa. Kounye a, lè li kesyon de fè bon zèv, mwen—mwen kwè ke Ezayi te aktyèlman yon pi bon moun pase Jakòb, nan je papa li. Li te eseye pran swen papa I; ki te avèg, yon pwofèt. Ak tout bagay sa yo ke li te eseye fè, men malgre sa Ezayi pa t panse ke sa yo te jis travay chanèl. Li te panse li te kapab rantre pa sa ke I te fè, fè yon bagay ki bon pou yon moun, sa ki te kòrèk. Men, Jakòb, tout nanm li se te pou jwenn dwa denès sa a, e se sa ke Bondye te rekònèt espirityèl la nan li.

90      Remake, e sa toujou lakòz natirèl la rayi espirityèl la. Sa te fè Kayen rayi Abèl. Sa te fè Kore rayi Moyiz. Sa te koze Jida te rayi Jezi. Epi ensi deswit. Li lakòz natirèl la rayi espirityèl la, menm jan Kayen te rayi Abèl, nan men sa Bondye te resewwa sakrifis la, epi eseye detwi yo.

Yo menm eseye detwi enflyans lan. Yo eseye detwi tout bagay, paske se pa anyen lot ke jalouzi. Li te kòmanse nan Kayen e pwouve ke se te jalouzi, epi li toujou menm bagay la jodi a lè natirèl la (chanèl la) ak espirityèl la rankontre ansam. Li pwouve ke se Satan, pa gen lòt fason, paske jalouzi soti nan Satan. Epi asnswit, lakòz yon imitasyon de Laverite, yon moun pou eseye imite yon bagay ki pa sa, yo pa òdone pou fè. Konbyen nan sa nou te wè nan dènye jou sa yo! O,lala, konbyen nan sa!

91      Kidonk, nou wè Bondye fè pou—...pa janm chanje lide sou Pawòl orijinal Li a. Men, moun Li rele, se li ke I òdone. Pa gen lòt moun ki ka pran plas sa. Pèsonn pa t kapab pran plas Moyiz la. Pe enpòt konbyen Kore ki te sisite, ak kantite Datan; se Moyiz Bondye te rele, andepi de tou.

92 Men, e si pèp la pa vle mache nan volonte pafè Li, Li genyen yon volonte pèmisiv L ap kite ou antre. Remake, Li pèmèt sa, oke, men L ap fè l mache pou glwa Li, nan Volonte pafè Li. Kounye a, si ou ta renmen...

93 Menm jan, nan kòmansman an, se pa t volonte pafè Bondye pou timoun yo te fèt sou tè a atravè sèks. Non, mesye. Bondye te kreye lòm ak pousyè tè a, soufle lavi a nan li, epi li vin yon namvivan. Li pran yon konpay nan nom sa a, li fè yon madanm pou li. Se te premye epi oriijinal volonte Bondye a. Men, lè peche te antre epi fè sa li te fè a, alò, li pèmèt pou gason marye ak yon fi, legalman, epi fè ptit avè l. "Alò miltipliye epi ranpli latè, si se konsa ou pral fè li." Men, ou wè, se pa t janm volonte pafè Li.

94 Se poutèt sa, tout bagay sa yo ki te gen yon kòmansman dwe gen yon fen. Tout peche gen pou rive detwi. Tout peche yo dwe elimine. Se poutèt sa, nan sipèb Milenyòm la lè rezirèksyon an vini, nou p ap gen pou refèt ankò pa papa nou ak manman nou, men Bondye jan Li te fè nan kòmansman an pral rele lòm soti nan pousyè tè a, ak konpayon li avè l. Se vre. Se konsa li te fè sa kòmansman.

95 Kidonk, Bondye pa janm chanje lide Li sou anyen, men Li pral pèmèt ou kontinye. Kounye a, sa a se yon lon detou pou rive nan sa ke mwen vle di isit la sou sa. Men, ak, men, li la, ou pral ... Mwen vle pou konprann li. Ou wè? Bondye ap pèmèt ou fè yon bagay, e menm beni ou ladan l, men toujou se pa volonte pafè li.

96 Bondye te pèmèt pèp Izrayèl la pou pran yon lwa, nan Egzòd chapit 19 la. Lè lagras te déjà ba yo yon pwofèt, Kolòn dife, yon anyo sakrifye, yon pwisans de delivrans, men yo kriye pou yon Lwa. Se pa t volonte Bondye, men li te enjekte paske lòm te vle li. Epi li te maudi pa menm lwa ke li te vle a.

97 Li pi bon pou nou gen volonte Bondye. Se sa Li te anseye nou. "Volonte W la dwe fèt. Wayòm ou an vini. Se pou volonte ou fèt." Nou dwe soumèt tèt nou a volonte Li ak Pawòl li. Pa kesyone Li. Kwè Li. Pa eseye kontoune L. Jis pran Li jan Li ye a.

Anpil vle kontoune, jwenn kèk lòt fason. E lè ou fè sa, ou wè tèt ou kontinye, ou wè Bondye beni ou, men w ap travay nan volonte toleran Li men pa nan volonte pafè, Diven Li.

98 Li pèmèt sa, janm te di a, men Li pa p vle —Li p ap kite sa vin volonte pafè li; men L ap fè I travay pou onore epi beni volonte pafè Li. Fè pitit, pa sèks, se youn nan sa.

99 Kounye a remake, Moab, pou kòmanse, se te yon nasyon ki pa ilejitim. Li te kòmanse, ilejitim, poutan pa yon—yon papa kwayan ak yon pitit fi kwayan.

Jis egzakteman, si ou pral tipifye sa epi sèvi ak yon panse espirityèl, ou kapab wè denominasyon sa a kanpe la menm jan ak nenpòt bagay. Asireman. Ou wè, tout bagay la ansanm pa bon. Epi, gade, li pote, te kòmanse konsa, li pa janm ka...Li kontinye, tankou yon boul nèj, li jis kontinye ap woule pi plis epi plis. Ou jwenn yon sèl erè, epi kòmanse sou ke yon sèl erè, epi ou jis kontinye woule yon bagay apre lòt, epi yon bagay tankou yon lòt, tout apre lòt.

100 Epi se konsa legliz la te kòmanse. Se konsa li te kòmanse nan Nise, lavil Wòm, lè legliz Katolik Women an ... Nan vrè kòmansman, kote li soti, se te Pannkot. Men, lè yo te òganize epi mennen selebrite, nan legliz la, yo te kòmanse fè, fè lapriyè, epi kouri pèl, epi—epi priye pou mò yo, ak tout lòt bagay sa yo. Apre sa, li jis kòmanse woule, soti nan yon erè nan yon lòt, yon erè nan yon lòt, jiskaske gade ki kote li ale. Pa gen yon sèl reprezantasyon lapannkot nan li, ditou. Ou wè? Se yon erè ranmase yon lòt, ranmase yon lòt. Gen yon sèl bagay pou fè, se pou, netwaye anrejistreman epi retounen nan kòmansman an.

101 Lè Martin Luther te kòmanse avèk jistifikasyon... Sa a ta dwe legliz Literyen an, plis avanse. Ou wè? Si...Luther, lè li te òganize, li pa t kapab pran sanktifikasyon Wesley a, paske li te òganize; epi moun yo pa t ka sipòte sa, alò Lespri Bondye a soti nan li.

102 Bon, gwoup Lòt la isit la; oswa, Moab te pitit tifi Lòt la, ilejitim pou kòmanse. Kounye a, remake, tankou legliz natirèl la, Moab, reprezante denominasyon natirèl la.

Pèp Izrayèl la reprezante Legliz espirityèl la. Pèp Izrayèl la, te yon legliz veritab, te epouz nan jou sa a, yo te chazi soti nan Lejip, epi yo te pwouve yo te veritab la.

103 Remake lè yo, yo toulède vin ansanm. Toulède yo ofri menm sakrifis la, toulède te bati, te wè sèt lotèl, toulède te ofri yon sakrifis pwòp, bèf. Apre sa, yo te menm ofri belye, an temwanyaj ke te gen yon Mesi k ap vini. Fondamantalman, yo toulède te egzakteman menm

bagay la. Izrayèl, desann isit la nan fon vale a; Moab, anwo sou tèt mòn lan. Epi Moab avèk sèt lotèl; Izrayèl ak sèt lotèl. Moab ak sèt bèf; Izrayèl avèk sèt bèf. Moab ak sèt belye ki t ap pale de Mesi k ap vini an; Izrayèl ak sèt belye.

Ki diferans ki te genyen nan yo? Fondamantalman, toulède kòrèk. Men, ou wè, Moab pa t gen aprobasyon Bondye avèk yo. Yo te sèlman yon nasyon, yon gwoup selebrite. Men, pèp Izrayèl la te gen yon pwofèt avek yo. Yo te gen yon Wòche frape avèk yo. Yo te gen yon Kolòn dife. Yo te gen yon sèpan eren, pou gerizon. Yo te gen benediksyon Bondye yo ki t ap deplase ansanm ak yo, e yo te pitit Bondye chwazi soti yo.

104 Kounye a, nou jwenn sa si tèlman byen tipifye nan legliz isit yo jodi a. Tankou, Moab pa t konsa. Pèp Izrayèl la te yon etranje, de yon kote a yon lòt; Kèlkeswa kote Kolòn dife a te deplase, yo te deplase avèk Li. Moab, pa t konsa; yo te etabli nan pwòp denominasyon yo, ankre nan pwòp nasyon yo. Yo pa t deplase, yo te rete la. Yo te gen selebrite yo. Yo te òdone bagay yo jan yo ta dwe fè I, epi yo te genyen sòlda yo, yo te gen konbatan yo, yo te gen wa yo te genyen an, se de li yo te resevwa lòd, epi konsa.

105 Men, Moab wè pèp Izrayèl la ak yon bagay yo pa t genyen. Yo te wè yon gwo pwisans nan mitan pèp Izrayèl la, epi li te yon pwofèt. E pwofèt sa se te Moyiz. Epi yo te konnen ke lè batay la te ale mal, yo jis leve men I , yo te kenbe li anlè, epi batay la chanje. Se konsa, yo pa t gen tankou sa a, alò yo eseye matche li ak politik, ak yon enterè politik. Yo ale nan yon lòt peyi epi yo te anboche yon pwofèt pou l vini, pou yo te ka gen yon pwofèt, epi ta gen pwisans pami yo menm jan Izrayèl te genyen nan mitan yo.

106 Èske w wè konparezon chanèl la? Èske ou ka wè legliz chanèl la? jodi a? Li fè menm bagay la.

107 Remake, kounye a, yo toulède pral gen pwofèt. Sèl diferan se te, Moyiz, pwofèt Bondye a, wa li a se te Bondye. Se la li te resevwa lòd li yo, Pawòl Senyè a. Epi Balaam te gen yon wa. E wa sa a se Balak, wa peyi Moab la, e se la li te jwenn lòd li yo ak benediksyon li yo. Moab di Balak konsa: "Desann" Balaam, te di, "Desann, epi modi pèp sa a pou mwen, paske yo kouvri tout sifas tè a. Yo jis vini niche tout bagay tankou yon bèf niche zèb." Te di, "Desann kounye a. E mwen konprann ou ka modi, ou ka beni, kèlkeswa sa ou fè a rekonèt."

108 Kounye a, nou vle remake nonm sa a se te yon pwofèt òdone pa Bondye, men li te vann dwa nesans li pou rezon politik. Menm jan legliz la te fè jodi a, tankou Luther, Wesley, Pannkòt, ak tout gwoup yo, vann li pou enterè nan òganizasyon yo. Moyiz, anba Bondye; Balaam, anba Balak. Poutan, toulède pwofèt yo te rele moun Bondye, e toulède espirityèl. Remake diferans lan. Chak te gen yon tèt: Moyiz se te Bondye, Balaam se te Balak.

109 Remake isit la kijan espirityèl la aplike, pou pwouve ke natirèl la pa bon. Moyiz, ke Bondye voye, nan liy devwa, rankontre epi defye pa yon lòt pwofèt Bondye. Èske ou ka imajine sa! Moyiz, Bondye te rele I, òdone pa Bondye, kanpe nan devwa Bondye; te deplase nan frèt sa a, gwoup fòmèl, e li te defye pa yon lòt pwofèt Bondye, kisa Bondye te beni ak òdone. Kijan ou ta di diferans lan? Yo toulède te gen pwofèt. Bondye te pale ak toulède pwofèt yo.

110 Gen kèk nan yo ki di: "Bondye di: 'Fè sa.' Bondye te di, 'Fè sa.'" Kounye a, mwen pa kesyone sa, men li soti nan liy Pawòl Bondye a. Pwofèt la, pe enpòt si li se yon pwofèt, li soti nan liy lan. Anpil moun vin sedwi konsa. "O, frè sa a ka fè sa, epi frè sa a kapab fè sa," epi nye Pawòl la?

111 "Menmsi mwen pale lang lèzòm ak zanj yo, menmsi ke mwen genyen don, ke mwen ka deplase montay, menmsi mwen bay tout byen mwen yo pou nouri pòv, mwen poko anyen."

"Gen anpil moun ki pral vin jwenn mwen nan jou sa a, y ap di: 'Senyè, Seyè, èske m pa te pwofetize nan non ou? Nèspa, nan Non ou, mwen te chase move lespri yo epi fè gwo zèv?' E Mwen pral li di yo: 'Ale...Ou ...Ale Iwen Mwen, ou menm travayè inikite. Mwen pat jamn menm te konnen w.'" Poutan, yo vini ak yon konfesyon ke yo te fè li, men Jezi te di yo te travayè inikite. Kisa ki inikite? Se yon bagay ke ou konnen ou ta dwe fè, se sa ki dwat, epi poutan ou pa fè li. Ou wè kisa sa pral ye nan dènye jou yo?

112 Koute tout liy lan! Se te objektif mwen aswè a. Mwen te di mwen t ap soti a nevè, men mwen pral soti yon ti kras apre, petèt. Gade, se te tout objektif mwen, pou m montre nou liy sa a, pa Pawòl Bondye a, ou wè, ke—ke Bondye dwe kenbe Pawòl Li pou I ka rete Bondye.

113 Kounye a, nou remake ke tou de sa yo se te moun espirityèl, tou de se te pwofèt, tou de te gen yon apèl. Epi Moyiz, drèt nan fonksyon li, ak yon Kolòn Dife nouvo devan I chak jou,

Lespri Bondye a sou li, nan liy devwa a. Men yon lòt sèvitè Bondye, Bondye rele, òdone pa Bondye, yon pwofèt ke Pawòl Bondye a vin jwenn. Isit la se liy danje a. Pa gen pèsonn ki te kapab diskite nonm sa a sot kot Bondye—kot Bondye, paske Bib la te di Lespri Bondye a te pale ak li, epi li te yon pwofèt. Men, ou wè, lè li te resevwa repons reyèl la nan men Bondye, li pat vle kenbe Li. Li pa t remake Li, alò li t al defye Moyiz.

114 Bon, Balaam te chèche volonte Bondye, ak tout kè I. Kounye a, lè grannèg sa yo pwoche bò kote I epi yo di: "Balaam! Wa Balak te voye pou ou vin jwenn li imedyatman epi pou madichonnen pèp Izrayèl la, paske yo gaye toupatou sou latè, e kounye a, yo moute kan yo kont mwen. Epi yo te niche chak wayòm alantou, anba yo. Epi kounyeya nou vle w vini pou madichonnen pèp sa a. Paske, mwen konprann ke si ou bay yon moun madichon, li gen madichon." Kounye a, ou wè, li te yon nonm Bondye. "Sa ou beni, li beni." Li te yon sèvitè Bondye.

115 Kounye a, Balaran te panse, li te yon pwofèt, "Gen yon sèl bagay pou m fè, se chèche konnen ki volonte Bondye."

116 Se devwa yon pwofèt, si I gen apèl pou I yon pwofèt. Premyèman, ki sa yon pwofèt dwe fè? Se chèche volonte, Pawòl Bondye a. Li dwe fè li. Paske, kòm yon pwofèt, Pawòl Bondye a vin jwenn li...Yo di: "Oke, ou pa yon teolojen." Bib la pa janm di Pawòl Bondye a vin jwenn yon teolojen. Yo se moun ki mete dezòd ladan L. Pawòl la vin jwenn pwofèt Bondye a.

117 Epi men yon nonm ki te yon pwofèt Bondye. Epi lè yo te anboche I, pou yo te anboche, pou I te vini epi pou madichonnen yon lòt pèp Bondye a, remake, li t ale chèche volonte Bondye. Epi li te vle konnen volonte pafè li, e Bondye te ba li volonte pafè Li nan zafè sa a. Volonte pafè Li te prezante ba li. Ki volonte L? "Piga w ale!" Se premye Pawòl Bondye a. "Piga w ale avèk yo. Piga w eseye atake pèp Mwen an, k ap mache nan chemen pafè Mwen yo."

118 Se konsa sa ye jodi a, yo vle fè kerèl, diskite, ak tout lòt bagay, lè yo wè Lespri Bondye a ap travay nan mitan nou. E yo ap eseye, yo te eseye li pandan plizyè lane, pou toufe Li. Men, plis yo te eseye toufe L, se plis Li te grandi. Ou pa ka madichonnen sa Bondye beni. Ou jis pa kapab. Ou jis pa ka fè sa.

119 Donk, nou wè, se te pèp Bondye a. Kounye a, pwofèt sa a, byenke li te la e li te anboche pa wa a, te travay nan mitan selebrite yo, ak lòt bagay. Epi Pawòl Bondye a te vin jwenn li. Li te chache volonte Bondye, e volonte Bondye te reponn li, li di l: -Piga w madichonnen pèp sa a. Mwen te beni yo."

120 Bon pa gen yon teolojen anba syèl la ki ka nye Mesaj sa a ke n ap preche a, men sa Se egzakteman Pawòl Bondye a nan tan an. Bondye konfime nan tout sa ki te di oswa fè. Li pwouve ke Li gen rezon. Koulye a, pa gen okenn teyolojen, pa gen okenn lektè Bib la, pa gen okenn pwofèt, ki ka gade nan Pawòl sa a, si li se yon pwofèt, li pral wè menm bagay la. Men si li pa wè menm bagay la, sa montre gen yon bagay ki fo. Paske...

121 Ou di : "Ebyen, o, mwen ta ka pran li toulede jan." Se menm jan pou Balak, Balaam. Ou wè? Men Bondye te idantifye Moyiz.

E alò kisa k te prèv la? Pawòl Bondye a. E li te tande desizyon ki klè, byen klè nan men Bondye: "Piga w ale. Pa eseye madichonnen sa Mwen beni. Yo se pèp Mwen an."

Men ou konnen kisa? Balaam pa t renmen moun sa yo, pou kòmanse. O, ala yon... Konbyen Balaam ki genyen nan mond lan jodi a! Li pa t renmen gwoup sa a, pou kòmanse.

122 Kounye a, apre li te resevwa desizyon klè nan men Bondye: "Piga w ale." Men, ou wè, olye pou yo fè li, se te menm bagay la tankou Kayen, tankou Kore, li te fè jalouzi, e li—li te vle, yon rezon pou ale, nenpòt jan.

123 Remake, katye jeneral denominasyon I lan, apre li te voye tounen, te di: "Non, m pa kwè m pral desann. M pa kwè mwen pral gen anyen pou wè ak yo. Mwen p ap diskite ak moun sa yo, paske Bondye fin di m yo se pèp li a, e mwen pa kwè m prale. Si li te rete ak sa!"

Men, anba nan fon kè I, li pa t renmen yo. Ou wè? Yo pa t nan gwoup li a. E nenpòt bagay ki pa t nan gwoup li a, "pa t bon, pou kòmanse." Ou wè? E li te voye je gade yo, li di: "Te gen kèk bagay terib moun sa yo te fè. Asireman, yon Bondye sen pral madichonnen yon pèp konsa. Yo se, yo analfabèt. Yo pa edike tankou nou. Nou se yon pèp ki pi entelijan. O, yo di yo sèvi Bondye, men, gade yo, kisa yo ye? Yon pakèt moun, ebyen, yon pakèt esklav, moun

k ap danse nan labou, ke moun peyi Lejip yo kouri dèyè yo. Ebyen, Bondye pa t ap janm gen anyen pou wè ak yon pakèt moun sal konsal!"

124 Li pa t wè Wòch ki te frape a ak sèpan deren sa a, Kolòn Dife sa a. Li te eseye jije yo nan yon pwendvi moral. Li pa t wè pi wo apèl Bondye a. Pa gras, pa eleksyon, yo te nan liy sa a, ak Pawòl Bondye a. Epi lè li te vle madichonnen yo, Bondye di: "Piga w fè sa. Yo se pou Mwen. Kite yo pou kont yo. Pa manyen yo."

125 Bon, se konsa nonm lan vire, li tounen. Koulye a, gade katye jeneral denominasyon li a, men, lè li tounen. Yo te voye yon gwoup ki pi enfliyan. Fwa sa a, se te petèt kèk, olye pou yo jis kèk pwofàn òdinè, se te petèt kèk doktè nan divinite ki te vini lè sa a. Yo te petèt kèk evèk, oswa petèt siveyan jeneral yo, pou tout moun... Li te voye yon—yon—yon pi bon gwoup, ak yon—yon gwoup yon ti kras pi enfliyan, yon moun ki te gen yon ti kras pi bon edikasyon epi ki te kapab prezante plan an pi byen, ki te kapab fè li rezonab.

126 Ou wè, se sa Kayen te fè; li te rezone. Se sa Kore te fè; li te rezone. Se pa li ki rezonnen.

"Nou jete rezònman." Nou kwè Bondye, kèlkeswa sa nenpòt lòt bagay di. Nou kwè Bondye. Nou pa rezone sou sa Bondye di. Ou pa ka rezone ak Li. Ou dwe aksepte Li pa lafwa. E nenpòt bagay ke ou konnen, ou pa gen pou rezonnen ankò. Mwen pa konnen ki jan Li fè sa; Mwen jis kwè li fè li. Mwen pa konnen ki jan Li pral kenbe pwomès sa a; men Li te di Li ta fè sa. Mwen kwè li. Mwen aksepte li sou baz ke mwen kwè ke se Pawòl Bondye a.

Ou di: "Ebyen, ou pa ka fè sa pase." Mwen pa konnen ki jan mwen pral fè sa, men Li di, "Di li."

Mwen sonje pastè Batis mwen an te di m, li te di: "Ebyen, Billy, w ap preche a poto yo nan legliz la. Ebyen, ou panse yon moun pral tandé yon bagay konsa?"

Mwen te di: "Bondye te di sa."

"Ki jan w pral fè sa, ak yon enstriksyon setyèm ane, priye pou wa, epi preche atravè mond lan?"

127 Mwen te di: "Mwen pa konnen ki jan m pral fè sa, men, Li te di sa, e sa jis ase bon pou mwen." Ou wè? "Li te di sa. Mwen pa konnen ki jan sa pral fèt."

Li te di: "Èske w panse moun ki nan gwo monn edike sa a ou pral kanpe kont yo, sou sijè gerizon Divin sa elatriye, èske w panse yo pral kwè sa?"

128 Mwen te di: "Se pa mwenmenm ki pou konnen si y ap kwè Li ou pa." Mwen te di: "Devwa m se preche Li. Se sa Li te di m. Li te di Li t ap avè m, e Li te di m sa Li t ap fè."

E li te fè egzakteman sa Li te di li ta fè. "Premyèman, kenbe men yo; answit li pral rive ke w ap menm konnen sekrè kè yo." E mwen te pale nou de sa, epi li te rive konsa. Ki jan li fè li? Mwen toujou pa konnen ki jan li fè li. Se pa biznis pa m ki jan li fè; li jis fèt.

129 Ki moun ki te kapab eksplike lè Bondye te di Eli: "Monte la, mete w sou mòn lan, epi m ap ba ou manje. Mwen te òdone kòbo yo—yo ba ou manje"? Ki jan yon kòbo ta ka jwenn yon tranch pen ak yon moso—yon moso pwason, kwit, epi pote l bay yon pwofèt? Sa a depase nenpòt bagay mwen te kapab eksplike. Mwen pa panse ke ou kapab tou, oswa pèsonn pa kapab. Men Li te fè li. Se tout sa ki te nesesè. Li te fè li, verite a, se ke Li fè l.

Ki jan Li te fè sa, mwen pa konnen; se pa zafè pa m. Men Li te fè li. Ki jan Li te fè tè a, mwen pa konnen; men Li te fè l. Ki jan li te voye Pitit Li a, mwen pa konnen; men Li te fè l. Ki jan Li te leve soti vivan nan lanmò, mwen pa konnen; men Li te fè l. Ki jan Li te sove m? M pa konnen; men Li te fè l. Se vre. Ki jan Li te sove w? Mwen pa ka di w; men Li te fè l. Ki jan Li te geri m? M pa konnen; men Li te fè l. Li te pwomèt Li t ap fè l, epi Li kenbe Pawòl Li.

Bon, Balaram te dwe konnen sa, e li te konnen mye.

130 Remake, pi bon gwoup enfliyan sa a, vini, e kisa ki te fè l pi bon? Yo te gen pi bon kado. Epi se pa sa sèlman, yo te kapab ba l plis lajan, epi yo te kapab, ofri l yon pi bon pozisyon. "Kounye a, an plis de jis yon minis òdinè nan òganizasyon an, nou pral fè w sipètentandan distrik la. Ou wè? Sa, nou pral—n ap fè yon bagay pou ou si ou jis chase moun sa yo la, ou wè, epi fè yo sispann sa." Oh, yo ofri l yon gwo pozisyon. Li te di: "Plis ou beni..." Li te di: "Ou konnen, mwen kapab ankouraje w." Gade kote l ap resevwa pawòl li yo, kote chèf nasyon an.

131 Ki kote Moyiz te jwenn Pawòl li yo? Wa Syèl la. Youn se te Pawòl Bondye te pwomèt la: "M ap mennen w nan peyi pwomès la, epi pèsonn p ap kanpe devan ou. M ap voye frelon yo devan ou, M ap chase yo, a dwat a goch. Epi ou pral pran peyi a. Mwen te pwo-...Mwen deja ba ou li. Kontinye, pran I, posede I; se pou ou." Epi kounyeya, ou wè, se Moun Moyiz t ap koute a. Epi nonm sa a t ap koute jiskaske li te rive nan yon bagay nan pwòp kè I li te fè jalouzi, e konsa li te ale nan tèt legliz li. Ou wè?

132 Remake, yon pi bon pozisyon. Li te di: "Ou konnen mwen kapab ankouraje w? Mwen pral ankouraje w nan yon pi bon kote. Mwen pral fè plis pou ou. Mwen pral ogmante salè ou. Mwen pral ba ou yon pi bon salè." Epi lè li te ofri I tout bagay sa yo, sa te avègle li.

133 Konbyen Balaam ki genyen nan mond lan jodi a, ki, ak yon pi bon pozisyon, yon pi bon legliz, yon pwomès yon bagay! Lè yon moun ouvri je I sou Pawòl la ak travay Bondye...Epi bon nonm sa a, ki gen enfliyans, pral kòmanse kòm yon sèvitè Bondye, epi li kenbe yon bon kongregasyon. Apre yon ti tan, batèm Sentespri a ap prezante devan I; batèm nan Non Jezi prezante devan I, ki se yon Ekriti epi sèl fason selon Lekriti pou batize. Epi lè yo prezante I ba li, epi denominasyon an konnen yo pral pèdi I lè I kòmanse sa, yo ofri I yon pi bon pozisyon ak yon chanjman nan legliz la. Ou wè, ansyen Balaamism, ankò, jis egzakteman menm jan li te ye nan kòmansman an.

134 Koulye a, nonm sa a ki li Bib sa a, li pa ka li Li sof si li wè ke se Verite a. Pa gen pèsonn ki janm batize lè I sèvi avèk tit "Papa, Pitit, Sentespri". Se yon kwayans Katolik epi li pa yon Doktrin Bib la. Okenn moun nan Bib la pat janm batize, oswa twasan lane apre lanmò dènye apot la, pat janm batize lòt fason ke nan Non Jezikri. Legliz Katolik la te kòmanse sa, e rès yo vin jwenn li. E nenpòt minis ki chita nan biwo li epi ki pral gade sa, konnen se Laverite. Men, pou popilarite, pou kenbe pozisyon li, pou pi byen konsidere nan mitan pèp la, li fè konpwomi.

"Ebyen," ou di: "Bondye te beni I."

135 Sètènman, Kèk nan yo gen don pou gerizon, kèk nan yo gen gwo kanpay. Epi sa fwote dwat nan figi yo, epi yo jwenn menm repons nan Pawòl Bondye a ke ou menm oswa nenpòt lòt moun ta jwenn. Bondye pa chanje. Ou wè sa mwen vle di?

136 Balaam, pou yon pi bon pozisyon, li te panse. Koulye a, gade, lè pi bon gwoup sa a tounen, sa ki... Balaam, isit la, te pran yon tèks fo. Ou wè? Li te di... Pi bon gwoup la tounen, li te dwe di: "Soti nan prezans mwen! Mwen te di nou Pawòl Bondye a. Ale! ENSI DI SEYÈ A." Men, ou wè, kado yo, epi pou vin yon nomm pi popilè!

137 O, jan yo renmen fè sa! "Nou pral voye w atravè mond lan. Nou pral ba ou yon avyon espesyal. Nou pral patwone reyinyon ou yo toupatou si ou jis..." O, non. En-en. Ou wè?

Nou konnen sa Pawòl la di. Nou konnen sa Bondye di. Nou pral rete ak sa, avèk èd Bondye. Ou wè? Pe enpòt pwomès la, ak konbyen plis ou ka peye, ak konbyen sesi, sela, se *lòt bò* ou ka—ou ka pwodwi; nou vle sa ENSI DI SEYÈ A di, ak sa Li di *Isit la* an premye.

"Ebyen, legliz la di, 'Sa se segondè."

Nou vle sa Bondye te di nan kòmansman an. "Epi nenpòt ki bagay ki ajoute nan Li oswa ki retire nan Li, menm non w ap retire nan Liv Lavi a; ajoute yon mo nan Li, oswa retire yon mo nan Li." Nou vle sa Li te di; pa sa legliz la te di, sa Doktè Jones te di, sa yon lòt moun te di. Nou vle sa ENSI DI SEYÈ A di, sa Pawòl la di.

138 Men kounye a nou jwenn Balaam, yon sèvitè Bondye. Epi anpil nan mesye sa yo kòmanse, e yo òdone nan men Bondye, e yo pale Pawòl Bondye a nan anpil bagay; men, lè li rive nan Verite konplè a, yo p ap fè l.

139 Remake isit la, antanke pwofèt Bondye, li pa ta dwe pran nan yon gwoup konsa, pou kòmanse. Li pa ta dwe ale avèk yo. Men, gade, pou popilarite, ou wè, pou kalme konsyans li, li te di: "Ebyen, rete tout nwit lan, epi mwen pral eseye ankò." Ou wè, "Mwen pral eseye ankò"? Pou ki sa ou vle eseye ankò?

140 Bondye te deja di l sa pou l di. Bondye di: "Di yo ou pa prale." Sa se Pawòl orijinal Li. "Mwen pa prale. 'E piga w ale. Pa madichonnen sa Mwen beni yo." Kounye a, gade ki jan sa te tounen kont li, apre yon ti tan. Ou wè? Epi sa pral fèt, chak fwa. Lè Bondye di yon bagay, se sa L vle di. Li pa chanje lide sou li. Li rete dwat ak Pawòl Li a. Kèlkeswa sa nenpòt lòt moun di, Li rete dwat ak Pawòl sa a.

141 Bon, Balaram ta dwe konnen mye. Li ta dwe retire tèt li nan konpayi sa a. Men tout bèl kado yo ak pwomès wa sa a te di: "Ou konnen mwen ka fè li. Mwen se evèk la. Mwen ka fè tou sa mwen vle, e m ap ankouraje w si w vin fè I pou mwen."

Epi Bondye di li: Pa fè sa.

142 Men, Balaram di: "Ou, rete tout nwit lan, epi mwen pral—mwen pral eseye ankò."

Ou wè, li te gen Pawòl la. Ou pa bezwen diskite sou li ankò. Bondye fin di sa. Ak yon gwoup konsa, yo pral toujou konvenk ou pou w soti nan volonte Bondye, si ou pral kite yo.

143 Te gen yon gwoup ki te vin jwenn yon pwofèt, yon fwa, yo te rele Jòb. Yo pa t 'kapab konvenk li. Li te wè vizyon an. Li te konnen sa ki dwat.

Balaam te wè vizyon an, e li pa t rete avè I.

144 Kèlkeswa kantite gwoup legliz li yo te di: "O, Jòb, ou dwe fè sa, ou dwe fè sa ." Menm madanm li, li te di: "Ou pale tankou yon moun sòt." Ou wè? "Mwen konnen sa Seyè a te di. Mwen konnen sa Li te egzije, e se sa mwen te fè." Ou wè, li te rete ak sa Bondye te di I.

145 Remake, Balaam sèvi ak tèks fo sa pou kalme konsyans li. Ou wè? Li te di: "Ebyen, mwen pral—mwen pral chèche konnen. Mwen pral eseye ankò." Koulye a, men kote ou vin chache dezyèm fason an. Konbyen Balaam nou genyen aswè a, ki renmen sèvi ak tèks fo a a nan Matye 28:19 jis pou kalme konsyans yo? Konbyen moun ki vle sèvi ak Malachi 4 pou kalme konsyans yo? Konbyen moun ki vle sèvi ak Lik 17:30 jis pou kalme konsyans yo? Konbyen moun ki vle sèvi ak bagay sa yo, men, "Ebyen, m ap di w yon baga, mwen—mwen kwè yo tout melanje sou Sa"?

146 E alò men Balaam ki t ap eseye di: "Petèt Bondye te mele. Mwen pral eseye ankò, ou wè, wè sa Li te di." Bon, Li konnen kè w. Remake, Balaam te itilize tèks fo sa a pou kalme pwòp konsyans li, paske, aktyèlman, li te vle lajan sa a. Li te vle diyitè sa a. Li te vle sa. Li te vle travay sa a. Li te vle pozisyon sa a, pou yo te admire I, kòm Doktè *Entèl entèl*. Alò, li—li—li di: "Mwen pral eseye ankò."

147 O, a Balaam yo nan mond lan aswè a, ke yo pwomèt pozisyon, popilarite! O, la la! Yo angoudi konsyans yo ak bagay sa yo. Akoz denominasyon yo, yo d: "Si w fè sa, y ap mete w deyò. Mwen konnen ou se yon bon gason, epi nou renmen ou," epi li se yon bon gason, "nou renmen ou. Men ou pa ka preche sa. Doktrin nou—nou an di ou pa kapab fè sa. Doktè *Entèl* te di se konsa li ye. Koulye a, ou dwe kwè li nan fason sa a, si ou rete avèk nou. Koulye a, si ou vle, mwen konnen ou te gen yon moman difisil, ebyen, mwen pral wè si mwen pa ka fè ou gen yon pwomosyon, petèt chanje legliz." O, ou menm Balaam! Alòske ou konnen volonte Bondye, ou fè li! Bondye p ap chanje lide. Non.

148 Yon bagay ki te ka pèmèt li kontoune Laverite, pou komisyon li. Li te di: "Ebyen, mwen pral—mwen pral eseye ankò." Remake Balaam ki genyen yo.

149 Donk kounye a sonje, lè li te vini dezyèm swa a, ak gwo selebrite sa a, ki te deja gen konsyans li fad epi angoudi, Bondye te kite l ale. Bon, Bondye pa janm chanje lide, men Li ba l volonte pèmisiv Li. "Alò ou mèt ale." Men li te twouve ke sa pat mache.

150 Bondye te konnen sa ki te nan kè Balaam. Menmsi li te yon pwofèt, Li te konnen li te rayi yo, epi li—epi li jis...li—li t ap vle madichonnen yo, nenpòt kòman. Epi Bondye te di l pa fè l, men poutan li te vini, li te vle fè l ankò, kifè Bondye te kite l ale pi devan. Bondye di: "Ou mèt ale." Kounye a, sonje, Li pa t janm chanje lide L.

151 Remake, se te volonte li pou modi yo. Moun ke l te klase kòm fanatik, li te vle modi yo. Li te vle yon pozisyon. Li pat vle pèdi tan avèk yo, alò li te panse ke si l te ka fè ti jès sa pou wa a, alò li tap gon promosyon. Bondye pa janm chanje panse L ou Pawòl Li.

Men Lap ba ou dezi kè li, kè w. Li pwomèt sa. Nou konn sa? Li pwomèt ba ou dezi kè w. Epi kite dezi w vin Pawòl Bondye a. Kite dezi w vin volonte Li, jamè pwòp volonte w. Volonte pa L! Si Li... Ou mande L on bagay, Li pa ba ou l, di: "Mèsi Seyè. Ou konn kisa ki bon."

152 Gade, menm Wa Ezekyas, lè li voye pwofèt sa a lòt bò a, vè limenm, lè Bondye voye l, li di: "Mete lòd nan kay ou. Ou pral mouri."

Ezekyas vire tèt li kont mi a epi li kriye kont kriye I, epi li di: "Seyè Bondye, mwen-mwen  
mande W pou W konsidere m. Mwen mache devan W avèk on kè parfè. Mwen ta renmen ke  
Ou kite m viv kenz an an plis."

153 "Trè byen." Bondye pale a pwofèt la, Li di: "Tounen epi di I ke Mwen tandé I."

Epi kisa I fè? Li mennen lawont sou tout nasyon an. Li pwovoke kòlè Bondye jiskaske  
L ta pral touye I. Se vre. Nou konn sa. Li te retrograde devan Bondye. Li tap pi bon, pou nasyon  
an, pou wa a epi pou tout moun, ke I ale epi ke I asepte premye bagay ke Bondye te prevwa  
pou li.

Men sa te parèt difisil pou pwofèt la, lè pwofèt la te oblige retounen pou ananse Pawòl  
Bondye ba li, apre ke I te déjà pale I. Men Bondye di: "Ale." Men, nou wè, sa te mennen lawont.

154 Kisa Balaram te fè? Apre ke I te konn volonte Bondye, e poutan li te pèsiste, li te vle  
fè I kanmenm. E kisa sa te fè? Remake. Li pat janm chanje panse L. Li te konn sak te nan kè  
I.

155 Nou konnen, Thomas, on lè li jis pat ka kwè I. Non, li-li di: "Non, m pa ak kwè sa. Si m  
te ka pran men m epi foure I nan kot Li, mete I nan klou men Li, ebyen, alò, alò map-mao kwè  
I lè a."

Li di: "Vin isit, Thomas. Wè? Kounye a mete men w andedan la a."

Kounye a, oh, Thomas di lè a: "Se Seyè mwen e Bondye mwen."

156 Li di: "Wi, ou wè, epi kounye a ou kwè. Konbyen pi gran rekompans lan ap ye pou sa  
yo ki pa janm wè epi ki kwè kanmenm!"

Pafwa moun yo pap resevwa Sentespri a amwenske yo pale an lang. Mwen kwè nan  
pale an lang, sètènman. Li son Bondye ki bon; Lap ba ou desi kè w. Men pe enpòt konbyen  
ou pale an lang, epi ou renye Pawòl sa a, wap an tò de tout fason. Wè? Wè, ou pap antre  
paske o pale an lang. Wap antre paske ou kenbe chak Pawòl. Sa se prèv Sentespri a, lè ou  
kwè Pawòl Bondye a. Wè?

157 Mwen kwè nan pale an lang. Mwen kwè ke ou ka vivifye, jan mwen di l maten an, jiskaske wap pale nan yon lòt lang. Mwen fè l, mwenmenm, e m konnen ke se Verite. M konnen ke se Verite. Men sa se pa siy lan, ou, ke ou se ptit Bondye chwazi. Wè? Absoliman pa. Li pa janm di...

“Anpil moun pral vin sou Mwen epi yap di: ‘Seyè, èske m pa pwofetize epi fè tout gwo bagay sa yo nan Non W?’ Lap di: ‘Wete kò nou sou Mwen, noumen kap fè sa ki mal, M pat janm konne nou.’”

158 Ou pale an lang epi apresa ou refize batize nan Non Jezikri? Gon bagay ki pa bon, on kote. Wi, asireman; nenpòt nan bagay sa yo, nenpòt nan lòd sa yo ke Bondye bay. Gon bagay ki pa bon. Jis chache pwòp konsyans ou, epi wè sa-wè sa Bib la di. Montre m on plas kote on moun te batize nan non “Papa, Fis, Sentespri.” Wè? Li pa la a. Men, ou wè, pafwa pou apeze konsyans ou, ou di: “Ebyen...”

Ou di: “Bondye pale ak fanm yo sou kisa yo dwe fè, pa pote bout pantalon epi bagay, nou konnen, pastè a di...” Alo yo pran wout ki fasil la.

159 Yo konnen kisa Bondye di sou sa La a. Wè? Sètèn, Bondye di l.

Alo yo-yo-yo vle fè l, kanmenm, wè. Yo eseye chache yon eskiz. “Ebyen, m panse ke li pi bon. Li-li pa... Van an pa soufle...” Wi.

Men Bondye di ke yon nèg dwe abiye diferan de fanm lan. “Si yon fanm mete yon rad ki pou yon nèg, se te yon abdominasyon nan je L.” Alò li pa bon, wi, epi ou pa dwe fè l. Non. Wè? Alò, donk, li pa bon.

160 Men, nou wè, yo eseye chache yon eskiz, ke: “Seyè a di m fè sa a.” M pa di ke Li pa di l, men, gade, se pa volonte parfè Li. Sa dwe volonte pèmisiv Li. Nou wè sa l pral fè? Lap kontamine tout gwoup la. Lap kontamine tout kan an.

161 Remake la a, Bondye pa janm chanje panse L, Pawòl Li. Men Li son Bondye ki bon, epi Lap ba ou desi kè w, menm si li kont volonte Li. Ou kwè sa?

Gade, Bondye di Moyiz: "Ale lòt bò a," pwofèt wen sa a. Li di: "Ale lòt bò a epi pale a woche sa a." Li te deja frape.

162 Moyiz desann lòt bò a avèk kòlè li, li pran vèj la, epi li di: "Noumen rebèl, èske nou dwe chache dlo pou nou nan woche sa a?" epi li frape woche a. Dlo a pat vini. Li frape I ankò; li vini. Se te kont volonte Bondye. Sa te

kraze tout plan nan Bib la; yo te dwe frape Kris on dezyèm fwa. Wè? Yo te frape Kris on fwa. Sa te kraze tout plan an. Men Li ba li volonte pèmisiv Li. Apresa, li di: "Wè, nou jwen dlo pou nou. Wi, mwen pote I ba nou, noumenm bann rebèl!"

163 Bondye di: "Vin isit, Moyiz. Vin isit. Vin isit anlè... Ou son sèvitè fidèl." (Tankou fanm lan avèk talon wo yo, "Ou grenpe," wè.) "Gade lòt bò a. Ou wè tè pwomiz la?"

"O Seyè!"

"Men ou pap antre. Ou pran volonte pèmisiv Mwen, lòt bò la a nan Woche a. Ou glorifye tèt ou, wè, e pa Mwenmenm. Ou sanktifye tèt ou. Ou pa sanktifye Mwen. Ou pa kenbe Pawòl orijinal Mwen, sa Mwen te di w fè." Poutan, dlo a te vini.

Nou ka enpoze men nou sou malad yo epi yo geri. Nou ka pwofetize, oubyen pale an lang. Men, bagay la se ke, kenbe Pawòl orijinal la! Bondye pa chanje panse Li, zanmi. Nou dwe kenbe komisyon Li, volonte Li.

"Oh, ebyen, sa se te pou disip yo."

164 Li pa chanje. Si Li toujou gon disip, se menm komisyon an. "Ale toupatou sou latè epi preche Levanjil la. Siy sa yo pral swiv sa yo ki kwè." Sa pa janm chanje. Li pa ka chanje.

Kounye a, nou ka di: "Ebyen, m pral di nou yon bagay, se pa pou jou jodi a." Oh, espès de Balaamit! Nou wè? Wè, Bondye pa chanje. Li se menm lan ayè, jodi a, e pou toutan.

165 Jis gade Balaamit yo jodi a. "Oh, mwen konnen, nan Bib la yo batize nan Non Jezi, men, gade, tout moun yo..."

Pe enpòt sa moun yo fè. "Pa gon lòt Non anba Syèl la ki te bay pam i lèzòm kote ou ka sove." "Okenn padon peche, sèlman atravè Non Jezikri." Sa ou fè, konbyen ou bon, sa pa gen anyen pou wè ak sa. Se Pawòl Bondye orijinal la; ou dwe rete avè L. Whew! Trè byen.

166 "Obeyisans a Pawòl Li pi bon pase sakrifis." Nou sonje epòk sa lè Sayil te tounen.

167 Balaram te gon don lafwa epi li te ka itilize I pou pèfeksyon, Pawòl orijinal Bondye a.

Anpil moun ki sou beton jodi a, avèk don gerizon, te ka fè menm bagay la. Anpil moun isi a, moun kap pale an lang, moun kap pwofetize, ki gen don, te ka itilize I pou Wayòm Bondye a, men yo pa fè I. Yo pran... Epi Bondye beni yo, kanmenm, yo resevwa volonte pèmisiv la. Men poutèt popilarite, epi plezi, gen pèsonèl, yo vann dwa denès yo, menm jan Ezayi te fè, wè, yo bay tèt yo a yon òganizasyon. Bay tèt yo, tankou Balaram fè. Wè?

Anpil fè menm bagay la jodi a. Nou konnen sa se vre. Yo vann dwa denès yo. Hum! Fanm ka pwofese ke yo gen Sentespri a, kap pote bout pantalon; mesye kap ite yo monte sou chè a, fanm ak cheve koupe sou chè a; figi yo makiye, ak ròb reliye sou yo. Pi gwo pyè achopman ke legliz la janm genyen.

168 Si nou vle konnen, sou plan pouvwa politik, ki lè I fè nan aj wayòm lan, gade kote Jwif yo ye. Swiv kijan Jwif yo ye, paske yo son nasyon. Si nou vle konnen nan ki pwen nasyon yo kanpe, swiv Jwif yo.

Si nou vle konnen nan ki pwen legliz la kanpe, swiv medam yo. Swiv moralite medam yo, paske li son reprezentasyon legliz la. Lè ou wè polisyon an kay medam yo, ou jwen polisyon an nan legliz la. Sa li vin tounen, on Jezabèl pentire, egzakteman sa legliz la vin tounen. Wè? Kounye a, sa se verite, e nou konn sa. Wè? Si nou vle konnen kote legliz la kanpe, swiv moralite medam yo. Paske, li son, legliz la son fam.

Si nou vle konnen sitiyasyon nasyonal la, swiv Jwif yo.

169 Remake, jan Bondye di Balaram, apre ke I te tande desizyon an klè, Pawòl la: "Pa ale." Wi, apresa Li di I, aprè ke L wè nan-nan kè li, sa I te vle fè; Li ba li volonte pèmisiv Li, alò Li di I: "Ale."

170 E nou ka fè menm bagay la. Si nou pa vle mache nan Verite a, nou ka pati epi gen-gen on gwo ministè. Sètènman, nou kapab. Men nap pran volonte pèmisiv Li. Nap mache sou Pawòl Li. Lap fè nou pwospere, sètèn...

Menm jan Li fè ak Balaram. Li te gen siksè, men li pat ka madichonnen pèp sa a. Li pat ka fè I. Paske, chak fwa li pare pou madichonnen, li tap beni. Wè, li pat ka fè I. Men kote li reyisi nan akonplisman li, li anseye moun sa yo, atravè Balak, pou komèt adiltè. Li fè vini kan Izrayèl la epi li fè yo marye ant yo, li di: "Eben, nou tout fè youn. Eben, nou adore menm Bondye a. Nou gon pwofèt isi a, e noumenm, nou gon pwofèt lòt bò a. E nou gen menm sakrifis la, menm Jehova ke pap nou yo. Kounye a, poukisa nou tout pa jis vini epi asosye avè nou?"

Bib la di: "Pa ini tèt nou avèk enkwayan. Pa asosye nou avèk yo, ditou. Si yo pa kwè L, rete lwen yo." Wè? Seyè a di: "Soti, separe nou," "epi Map resevwa nou." Wè? "Pa manyen bagay pa yo ki sal." Se vre. Salte yo kont Pawòl la, epi bagay konsa, rete lwen li. Pa tandé li.

171 Epi la a nou konstate ke Balaram ale lòt bò a epi li kòmanse anseye moun yo, epi li te gon erè. Epi li-li swiv vwa Balaram lan, fason li fè, epi li anseye Balak, epi timoun Izrayèl yo komèt adiltè. Epi yon plè frape nasyon Izrayèl la, pèp la, epi milye pamì yo mouri on gress jou.

Epi pandan ke yo tet tout la a ap priye, devan lotèl Bondye a, on nèg Izrayelit vini avèk on fanm Madyan, on fanm denominasyon, epi yo antre nan tant lan. Epi pitit sakrifikatè a vanse lòt bò a, li pran on lans epi li touye toude. Epi sa te kanpe kòlè Bondye. Nou konnen sa se Ekriti yo. Pa vre? Wè?

172 Men kisa ki rive? Balaram, li reyisi afebli Izrayèl. Kisa I fè? Li afebli kan yo. Bondye kite I ale epi li afebli kan yo, epi sa te kontamine tout kan an.

Epi lè yon doktrin kòmanse, ki pa Verite Bib la, sa a kontamine tout kan an. On moun ki leve avèk on lide diferan, tankou Kore, epi ki di: "Ebyen, sesi, sela, epi lòt la, epi m gon lide diferan," sa a kontamine kan an. E se sa ki rive tout kan legliz la jodi a. Se vre.

173 Anseye jan li fè I la, sa afebli tout kan an pou Kadès-banea, konfwontasyon ak Pawòl la. Lè yo rive Kadès-banea, lè a, kan an te afebli. Yo retounen. Yo te ale jis apre...

Sonje, yo te manje manje zanj. Yo te gen Pawòl Bondye a, chak swa, ki te manifeste. Epi yo manje manje a. Yo te bwè nan woche a. Yo tout te wè mirak yo. Yo te swiv Moyiz, epi yo te wè pawòl li, te wè pwofesi l yo, tout bagay.

E apre finalman, lè yo tandé fo doktè sa a, ki vini pami yo epi ki mal anseye yo, li afebli kan an, epi li te pwospere.

Li te petèt konstwi batiman milyon dola. Li te petèt gen gwo denominasyon. Li te petèt ajoute dè milye e milye moun, epi akonpli gwo zèv, zèv pwisan, ei li te pwofèt. Se byen, men, osi lontan ke li pa konfòm a Pawòl Bondye a, pito ou rete lwen l.

Bondye pa chanje panse L. Rete jis a Pawòl Li, paske se sa ki pral soti nan fen an, Pawòl la, Mo pou Mo. "Si yon moun wete yon sèl Pawòl nan Li, oubyen ajoute yon sèl Pawòl nan Li!" Pawòl sa a dwe rete jan L ye.

174 Kounye a tandé byen. Lè tès Pawòl la rive, lè yo antre la a epi yo wè opozisyon an fò, pi gwo opozisyon yo janm wè, Amalèk yo te-te dis fwa tay yo. Yo di: "Nou sanble sotrèl. Kloti yo, oubyen vil yo tèlman byen antoure ak ranpa ke yo ka fè kous bourèt toutotou, de bourèt, osi vit ke yo kapab toutotou ranpa vil yo, wè. Eben, lans yo tèlman gran, yo long. Epi yo se jeyan. Eben, nou tankou sotrèl. Nou pa ka fè l."

Epi de nèg kanpe sou Pawòl sa a, Kalèb ak Jozye, yo di: "Tann on minit! Noumenm de milyon moun pe bouch nou yon minit. Nou plis ke kapab rive fè l. Wè, nou plis ke a la otè."

Sou kisa yo te baze? Bondye di: "Mwne ba nou peyi a. Se pou nou l ye." Epi yo te kanpe sou sa. Men moun yo te marye lòt bò a, ant lòt bagay, ak tout kalite credo epi rityèl pami yo, epi yo te tèlman fèb, tèlman mou, yo pat konn ki direksyon pou pran epi kisa pou fè. Se vre. Tès Pawòl la te vini.

175 Malgre tou, Li ba nou pèmisyon fè, pèmèt volonte nou, on volonte pèmisiv, Li konnen ke... Sa ki nan kè w, Li konnen l.

Nou di: "Ebyen, Frè Branham, mwen fè *tèl e tèl bagay*. Sa pa deranje m. Bondye beni m chak jou. Mwen chante nan Lespri. Mwen danse nan Lespri. Mwen..." Lap pèmèt li. Ale. Se vre. Men kisa ou pral fè?

176 "Mwen pote bout pantalon, epi mwen fè sesi. Sa pa deranje m. Mwen konnen lafwa m nan Kris, pa nan sa m pote."

Men, Bib la di gon bagay ladann. Wè? Kisa w pral fè? Ou pral mete on pyè achopman, tankou Balaram fè, devan tout lòt fanm yo. Kisa w pral fè jèn pitit fi w yo? Wap gon bann Ricketta, se egzakteman sa, on bann ti Jezabèl pentire. Wè?

177 Men Bondye pral fè w pwospere. "Men, Li beni mwen." M pa doute de sa. Li te beni Balaram, tou. Wè? Sètènman Lap fè I. Wap mache nan volonte pèmisiv Li, pa nan volonte parfè Li. Bondye pa chanje panse L, paske Li beni w.

Li beni Izrayèl pandan karantan lòt bò a. Kisa yo te fè? Yo marye, elve fanmi, bo timoun yo, peye dim yo, yo viv lòt bò a. Epi Bondye beni yo nan dezè a, ba yo manje avèk laman, san rete. Epi yo tout peri, paske yo pat janm kenbe oriinal Li, pèmisiv... Volonte oriinal Li, Pawòl Li. Yo pran chemen pèmisiv Li.

178 Ale, men, sonje, lè yo kite Kadès, yo pa janm al pi lwen nan vwayaj yo. Yo jis vire anwon, nan dezè a. Alò ke yo te ka soti, de jou apre sa, yo te ka nan tè pwomiz la. Yo vwayaje pandan karant-an, epi yo tout mouri men Jozye ak Kalèb, sa yo ki te rete avèk Pawòl oriinal la.

179 O Bondye, ede nou. Bondye pa chanje volonte L. Li pa chanje panse L, men Lap beni w.

Sètèn, Li te beni Balaram. Epi kisa I fè lòt bò a? Li kontamine kan an. Wè, ou dwe rete sou sa Li di. Li pa janm chanje plan oriinal Li.

180 Kounye a gade Balaram yo jodi a, sou teren an, non. Jis gade toutotou. Yap pwospere, ap pale an lang, sètèn, yap itilize don Bondye pou genyen, tout bagay, sètèn. Men yo souye tout legliz Bondye a avèk fo anseyman yo. Se vre.

Youn te di m, li di: "Poukisa wap fè sa a? Poukisa wap fè sa a?"

Mwen di: "Èske ou pa kwè ke Sa se Verite?"

181 "Oh, wi. Men," li di: "ou konn kisa? Se pa biznis pa w. Ou dwe priye pou malad yo. Yo kwè ke w son pwofèt. Eben, ou te ka anseye fanm sa yo kijan pou, epi nèg sa yo, kijan pou fè sesi, sela, epi *lòt bagay.*"

"Kijan ou ka anseye yo aljèb alò ke yo pa menm vle aprann ABC yo? Huh? Huh? Kijan ou ka anseye yo bagay sa yo alò ke yo pap menm pran abese yo?" Wè? Ou dwe retounen epi reprann kote ou te kòmanse, oubyen kote ou te kanpe, epi asepte chak Pawòl Bondye.

182 Jis gade yo sou teren an jodi a. Menm jan Balaram te marye nan legliz Bondye, on pwostitye, li te marye on pwostitye nan legliz Bondye, menm jan fo doktè sa yo jodi a ap eseye di nou. Yo pral marye tout òganizasyon sa yo epi moun sa yo nan vye pwostitye Apokalips 17. Doktrin Balaram yo ap sikile jodi a, ap di: "Nou tout se menm. Nou tout Kretyen." Epi prêt yo epi pap yo, epi tout rès la, tout ap fè konpromi epi yap fè sa.

183 Predikatè a di... Mwen menm konnen on predikatè Pannkotis, yo tout, yo kòmanse ap bay pen kachè won. Ki vle di, *Ashtoreth*, "dye-lalin," on losti kachè. Yo di: "Fenmen je nou epi pran I, si sa blese konsyans nou." Fenmen je nou? On losti won, sa sa vle di? Noumenm, nou pran on kò ki brize, Jezikri, brize; pa yon dye-lalin, Ashtoreth, ki ranplase pa Mari. Epi pen kachè Women an toujou won, pou reprezante dye-lalin, deyès la, pa dye. Nou gon pen kachè ki brize, sètènman. Oh!

184 Alò kounye a, gwo pwostitye Apokalips 17, doktè Balaram sa yo avèk fo doktrin yo, yap marye legliz la nan jan de gagòt sa a. Gade byen lè konfrontasyon fen tan an pral vini, gade feblès bagay sa a kounye a. Nèf san e kèk òganizasyon diferan, youn ap rale on bò, epi lòt on lòt bò. Pa gen inite ant yo. Epi yap eseye pote inite; ki pa fonde sou Pawòl Bondye a, plan orijinal Bondye. Yo fè sa atravè politik epi pa yon òganizasyon.

Bondye pa chanje panse L. Li jis rete ak Pawòl Li. Li di: "Syèl ak latè a va pase, men Pawòl Mwen pap janm pase." Se vre. Li rete avèk Pawòl orijinal Li. Oh, lala!

185 Menmsi yo toujou rezone kont Li, jis tankou yo te fè, epi jis... Gen sèlman yon sèl bagay pou fè. Li pap chanje Li. Jis kwè. Paske, toude ni syèl ak latè ap pase; Pawòl Li pap janm fayi. Ou wè?

186 Nou wè nan ki kote n ap marye a? Ou wè politik yo ak bagay yo, kijan y ap eseye reyini legliz lan ansanm pa yon politik nan legliz lan? Nou pa reyini a Kris pa politik.

Nou reyini ak Legliz, ak Kris, pa batèm Sentespri an. E fason nou konnen batèm Sentespri an, se paske Lespri sa a nan nou idantifye chak Pawòl Bondye ke se Laverite. Se vre. "Paske nenpòt moun ki va retire yon sèl Pawòl nan Li, oswa ajoute yon sèl pawòl nan Li, pati pa I la ap retire nan Liv Lavi an."

187 Poutan, "Li pwospere," nou di. Nou pa ka kwè Sa pa pwosperite. Nou pa ka jije Bondye pa pwosperite. Mond lan pwospere. Balaam te pwospere pa li.

Men, frè, ou jije Bondye pa Pawòl Li. Li kenbe Pawòl Li epi idantifye L a Verite a. Kidonk, sonje, zanmi, toutoutan w ap viv, piga w janm blyie sa: Bondye pa chanje panse L. Poutan, L ap beni. L ap kite w ale ak volonte pèmisif Li, men Li pap chanje panse L. Li pap chanje plan Li. Li pap chanje Pawòl Li, pou ou. Non, mesye.

Nou dwe chanje. Nou pa ka fè Pawòl Bondye koresponn ak eksperyans nou; nou dwe fè eksperyans nou koresponn ak Pawòl Bondye. Ou wè? Se fason sa a nou dwe...

Nou di: "Ebyen, m se yon bon gason. Bondye fè sesi, sela, oswa se *lòt bò*." Men èske ou kenbe Pawòl Li? "O, ebyen, m ap di w, sa pa jis...Non." Trè byen, gen yon bagay ki pa bon yon kote. Bondye pral... Wi, L ap fè w pwospere. Sèten, L ap fè w...

188 Denominasyon yo ap pwospere pou sila a ki pa ta vle genyen !! Yo layite tant yo, gran bèl legliz yo, ak tout bagay, nan tout peyi an. Yo rich, epi lajan ap vide ladann, epi manm soti toupatou. Èske Bib lan pat di: "Yo te jwenn anndan li menm richès lemonn, epi menm namn lòm," ak tout bagay, ke yo te jwenn nan vye pwostitye sa a, ki se manman tout bagay la, politik ak òganizasyon?

189 Men ti gwoup Bondye an se Lepouz Li, ki santre sou Pawòl sa a. Se pou chè Papa ki nan Syèl la toujou kenbe nou estabilize la menm. Piga nou janm deplase sot nan Pawòl sa a.

Nou ka beni, nou ka...Bondye ka geri maladi nou. Li ka geri maladi bebe nou. Li ka geri mari w, madanm ou. Li ka geri manman w, yon lòt moun. Nou ka sote nan Lespri Li, epi danse de wo anba.

Sonje, lapli an tonbe sou jis la ak enjis la, jis menm jan an. Men lè semans sa a poze la a, se swa li òdone oswa li pa òdone. E si li òdone, li ka...Si se yon ble, li dwe pwodwi ble. Si l se yon Pawòl Bondye, li dwe pwodwi Pawòl Bondye an. Si se pa sa l ye, ebyen, alò se pa sa l ye. Ou wè? Nou konprann sa kounye a?

190 Seyè a beni nou. Men m te di nou m ta pral kanpe a nevè, epi men li, dizè mwen ven. Anpil nan nou moun yo, gen yon chimen long pou y ale. Mwen renmen nou. Epi rezon mwen te kenbe nou kon sa, se pa paske mwen vle kriyèl avè nou, men mwen renmen nou. E sa mwen konnen, mwen pa kenbe anyen; mwen di nou Laverite.

191 Deyò nan reyinyon kote m ale yo, ou pa janm tande m preche Mesaj sa yo. Non, m te pwomèt nou, pou m vini nan tabènak sa a. Isi a menm se kote mwen preche Mesaj mwen yo. M gen twa oswa kat ankò isi a, ke Seyè a ban mwen, m gen Lèzekriti sou li, ke mwen pa tap oze preche l okenn lòt kote ke isi a menm. Isi a se kote Pawòl Bondye an te kòmanse pati. E, jouk Bondye chanje l, m ap rete isi a menm epi fè l soti isi a menm. Se vre.

Deyò laba a nan reyinyon yo, mwen priye pou malad yo, ak tout bagay kon sa; epi, sou kote, m di dè bagay nan on fason detounen, konsa mouton an tande L. Yo konnen de kisa l ap pale. Osinon, se jis apa an sou kwòk zen an, nou wè. Mwen montre siy yo de—de eseye montre ke Bondye konnen, nan disèneman, epi konnen kè moun yo, epi fè bagay sa yo. Se yon don evanjelik, jis pou brase moun yo.

Premye bagay ou konnen, yon kasèt tonbe nan kay yo. Sa a bon, lè sa a. Si l se yon mouton, li vini dwat avè L. Si l se yon kabrit, li choute kasèt la deyò. En en. [Frè Ben Bryant di: "E oumenm, tou."—Editè a.] Nou wè, se... "E oumenm, tou," se vre, Ben. Sa, se egzakteman vre. Ben gen kèk eksperyans. Trè byen. Ebyen, se vre.

192 Èske nou pa kontan ke nou pou Li? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Èske nou pa kontan? ["Amèn."] Nou te konn chante yon ti chante pannkotis, depi lontan, tankou:

M tèlman kontan ke Leseyè fè m soti;

M tèlman kontan ke Leseyè fè m soti;

Si se pat pou Jezi, ki kote m tap ye?

M tèlman kontan ke Leseyè fè m soti.

O, m te kontan depi Leseyè fè m soti;

M te kontan depi Leseyè fè m soti;

Si se pat pou Jezi, ki kote m tap ye?

M tèlman kontan depi Leseyè fè m soti.

M tap rele depi Leseyè fè m soti;

M tap rele depi Leseyè fè m soti;

Si se pat pou Jezi, o, ki kote m tap ye?

M tèlman kontan ke Leseyè fè m soti.

Glwa! Èske nou pa kontan? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] "Èske nou pa kontan..."

Ann chante I.

Èske nou pa kontan ke Leseyè fè nou soti?

Èske nou pa kontan ke Leseyè fè nou soti?

Si se pat pou Jezi, o, ki kote m tap ye?

M tèlman kontan ke Leseyè fè m soti.

Ebyen, m tap chante depi Leseyè fè m soti;

M tap chante depi Leseyè fè m soti;

Si se pat pou Jezi, o, ki kote m tap ye?

M tèlman kontan ke Leseyè fè m soti.

Èske nou pa kontan pou sa? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Alò, n ap mache nan Limyè a. Nou konn chante sa a?

N ap mache nan Limyè a, Se yon bèl Limyè,

Vini kote lawouze mizèrikòd yo klere;

Klere tout nan viwonn nou lajounen kou lannwit,

O, Jezi, Limyè an pou mond lan.

Èske nou pa renmen sa? Ann chante I ankò.

N ap mache nan Limyè a, Se yon bèl Limyè,

Vini kote lawouze mizèrikòd yo klere;

Klere tout nan viwonn nou lajounen kou lannwit,

O, Jezi, Limyè a pou mond lan.

Se solèy leve!

Nou tout sen Limyè pwoklame,

Jezi, Limyè a pou mond lan;

Verite ak mizèrikòd nan Non Li,

Jezi, Limyè a pou...

Kounye a ann leve men nou lè nou chante I.

O, n ap mache nan Limyè sa a, Se yon Limyè tèlman bèl,

Li vini kote lawouze mizèrikòd yo klere;

Klere tout nan viwonn nou lajounen kou lannwit,

Jezi, Limyè a pou mond lan.

Bay youn lòt lanmen.

O, Li vini kote lawouze mizèrikòd yo klere.

Èske nou pa kontan nou se ptit Limyè a? Ptit lan leve.

...tout nan viwonn nou lajounen kou lannwit,

“Noumenm ti ptit yo, renmen youn lòt.”

O, n ap jis mache nan Limyè a, Se tèlman yon bë-... (manifestasyon Pawòl Li)

Vini kote lawouze mizèrikòd yo klere,

Jis klere tout nan viwonn nou lajounen kou lannwit,

Se Jezi, Limyè a Pawòl la.

Nou tout kwè sa?

N ap mache al Siyon,

Mèveye, mèveye Siyon an;

N ap mache monte al Siyon,

Mèveye Site Bondye sa a.

O, n ap mache al Siyon...

Kite sila yo ki refize chante  
Ki pat janm konnen Bondye nou an;  
Men pitit Wa ki nan Syèl la,  
E men pitit Wa ki nan Syèl la,  
E ke yo pale lajwa yo a letranje,  
Ke yo pale lajwa yo a letranje.

Paske n ap mache...(Glwa!)  
Mèveye, meveye Siyon an;  
O, n ap mache monte al Siyon,  
Mèveye Site Bondye sa a.

O, n ap mache al Siyon,  
O, mèveye, mèveye Siyon;  
N ap mache monte al Siyon,  
Mèveye Site Bondye sa a.

193     Retire mouchwa nou. Wete mouchwa nou yo, jis yon minit. Ann bay Seyè an yon ofrann ajite. Se pa yon jèb, men yo te pran sot nan kò Pòl dè mounchwa ak bagay, ou wè.

O, n ap mache al Siyon,  
O, mèveye, mèveye, Siyon;

N ap mache monte al Siyon,

Mèveye Site Bondye sa a.

O, n ap mache al Siyon,

O, mèveye, mèveye Siyon;

N ap mache monte al Siyon,

Mèveye Site Bondye sa a.

194 Amèn! O, èske sa pa fè nou santi n byen? M ka jis imajine ansyen sen sa yo anvan la a, anvan yo antre nan sik Women an la a, kòmanse ap mache monte bit sa a, nou konnen, anlè ti ranp sa a, ap monte nan twou Lyon yo, ap di:

O, n ap mache al Siyon,

Mèveye, mèveye Siyon sa a;

N ap mache monte al Siyon,

Mèveye Site Bondye sa a.

Chan Siyon yo pwodwi

Mil bagay dous sakre

Anvan nou rive nan Twon Selès la,

Anvan nou rive nan Twon Selès la,

Oswa mache nan lari an nò yo,

Oswa mache nan lari an nò yo.

N ap mache al Siyon,  
Se mèveye, mèveye Siyon;  
N ap mache monte al Siyon,  
Mèveye Site Bondye sa a.

195 Repete apre m. Seyè Bondye, [Asanble di: "Seyè Bondye,"—Editè a.] Mwen angaje tèt mwen yon lòt fwa anvè Ou. ["Mwen angaje tèt mwen yon lòt fwa anvè Ou."] Netwaye mwen anba tout mechanste. ["Netwaye mwen anba tout mechanste."] Netwaye mwen anba tout dout nan Pawòl Ou. ["Netwaye mwen anba tout dout nan Pawòl Ou."] Kite m, apati de Pak sa a, ["Kite m, apati de Pak sa a,"] pou m yon nouvo kreyati ["pou m yon nouvo kreyati"] nan Kris Jezi. ["Nan Kris Jezi."] Kite m pote, nan kè m, ["Kite m pote, nan kè m,"] Pawòl Ou. ["Pawòl Ou."] Ke Li se yon Lanp pou pye m ["Ke Li se yon Lanp nan pye m"] k ap Klere chimen mwen. ["k ap Klere chimen mwen."] Apati de kounye a, ["Apati de kounye a,"] m ap swiv Ou. ["m ap swiv Ou."] Nan Non Jezi. ["Nan Non Jezi."] Amèn. ["Amèn."]

N ap mache al Siyon,  
O, mèveye, mèveye Siyon;  
N ap mache monte al Siyon,  
Mèveye Site Bondye sa a.

196 Èske sa pa fè nou santi n byen? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Nou angeje tèt nou yon lòt fwa, nou konnen ke nan kè nou nou te vivifye sot nan lanmò, te vin vivan. Èske sa pa fè nou santi n byen? ["Amèn."] O la la, o la la! Mwen renmen nou, ak lanmou ki pa mouri.

Koute. "Renmen youn lòt. Paske nou pa ka pa renmen frè nou, ke nou wè, epi di nou renmen Bondye, Ke nou pa wè." Ou wè? Kidonk jis renmen youn lòt.

Alò, nou sèvi youn lòt, nou sèvi Bondye. Èske se vre? "Menm jan nou fè sa ki pi piti nan sila yo ki gen Pwisans vivifyan nan yo, nou fè M li."

“Kilè nou te wè W nan bezwen? Kilè nou te vizite W nan prizon? Kilè nou te fè bagay sa yo?”

“Sa nou te fè yo, nou te fè M li.”

197 Èske sa pa mèveye? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Mwen renmen Li, pa oumenm? [“Amèn.”]

198 O, gen yon sèl chante ankò nou dwe chante, si nou jis gen yon minit kòm tan ankò. O, ebyen, n ap jis pran yo. Trè byen. Trè byen, mesye. O! *Pran Non Jezi A Avèk Ou.* Pa blyie sa, zanmi. Annou tout chante I kounye a. Chak moun, ansanm kounye a, jis ak yon sèl gran kè, pran I pou Li. Ann, ak tout sa nou gen nan nou.

Pran Non Jezi a avèk nou,

Pitit chagren ak malè;

L ap ban nou lajwa ak konsolasyon,

Pran li tout kote n prale.

Presye Non, O ala dous!

Lespwa latè ak lajwa nan Syèl;

Presye Non, O ala dous!

Lespwa latè ak lajwa nan Syèl.

199 Sonje kounye a, priye pou mwen lè van cho pèsekisyón yo ap soufle, lè demon yo sou chak bò ap bay defi, m ap sonje n ap priye pou mwen lannwit oswa lajounen, epi m ap priye pou nou.

Kanpe bò kot bon pastè nou, Frè Neville, ak asosye an, Frè Capps. Koute yo. Y ap anseye nou Pawòl Lavi a. Mwen kwè sa. Si m pat kwè sa, sètènman m pa tap genyen yo isi a. Mwen sètènman pa tap genyen yo. Mwen kwè ke yo kwè Mesaj la, epi yo rete avè I nan pi

bon konesans yo, epi m gen lafwa nan toude mesye yo. Rete avè yo. Lòt frè sa yo, bò kote yo gen reyinyon yo, ki te kanpe isi a aswè a, si nou bò katye yo, kanpe avè yo. Nou te tande pou kisa yo vin isi a, aswè a.

Pran Non Jezi a avèk nou,

Kòm yon pwotèj kont tout pyèj; (koute sa)

Lè tantasyon sanble nan viwonn nou,

Jis pran souf Non sen sa nan priyè.

Presye Non, presye Non, O ala dous! O ala dous!

Lespwa...

Chè Bondye, geri moun sa yo. Mwen priye W, Papa, nan Non Jezi. Akòde I, Seyè, mwen priye.

...O ala dous!

Lespwa latè ak lajwa nan Syèl.

Jouk nou rankontre! jouk nou rankontre!

Jouk nou rankontre nan pye Jezi;

Jouk nou rankontre! jouk nou rankontre!

Bondye avè nou jouk nou kontre ankò.

Ann koube tèt nou kounye a.

[Frè Branham kòmanse fredone *Bondye Avèk Nou*—Editè a.] O Bondye, ret avè nou.

Ede nou, Seyè.

...nou rankontre nan pye Jezi! (jouk nou rankontre!)

Jouk nou rankontre! jouk nou rankontre!

Bondye avèk nou jouk nou kontre ankò.

200 Se vrèman priyè mwen. Jouk nou rankontre ankò, Bonde beni nou! E kounye a m pral  
mande presye Frè Neville nou si l ap lage bèle asanble sa a.

Bondye renmen nou, chak moun. M tèlman rekonesan pou m gen moun tankou nou  
tout. Kisa Mesaj mwen tap ye si m pat gen pèsòn ki te kwè L? E men gen moun isi a, nou tap  
mouri pou Li, pou Mesaj sa nou genyen a. Se pou Bondye ede nou, chak moun. Priyè m avè  
nou. Benediksyon m ale ak chak gress nan nou. Se pou nou pa blye ke nou se yon pati nan  
rezirèksyon sa a. Pwisans vivifyan an nan nou kounye a. Tout regle. Ou se pitit Bondye.

Ann koube tèt nou, jiskaske Frè Neville lage. Epi Bondye beni nou.